


NZIRA YEMUPOROFITA

WECHOKWADI WAMWARI

 Handiti, mangwanani akanaka, shamwari. Mangwanani akanaka, uye nenguva yakanaka yekuva pano. Ndiri kufara kuva mupenyu mangwanani ano, uye kuva pano neungano zvakare. Pane zvinhu zvakawanda zvinokwanisa kuitika munguva pfupi yakadai. Uye hatizive kuti inguva ipi iyo yatichadaidzwa, kuti tipindure, kumusoro uko paDare guru. Uye tinoda kuve takagadzirira chero panguva ipi zvayo, kuitira kuti tive nerugare.

² Uye ndinotenda zvikuru, sekutaura kwandaita. Hongu, ndaive pano Svondo manheru, uye ndakanga ndichitaura kuvanhu...Ndakaparidza Svondo manheru, uye ndinoda kutenda Hama Roberson, nemi mose makafona, pamusoro pekunakidzwa neMharidzo iya yeSvondo manheru, “Tine zvinhu zvese.” Uye saka ini...Imwe nguva ndakanga ndisingafunge kuti ndakanga ndiri kuzotaura, ndakangouya ndikatarisa kune Hama Neville. Huro yavo—yavo ichiita sokunge nyuchi yebumblebee neche zasi uko. Ndakafunga, “Hama inonzwisa urombo, kana ivo chokwadi vakadana kwandiri manheru ano, ndiri kuzobatsira, kana kuita zvese zvandinogona.” Nekuti, ndinoziva kuti zvazviri, kana wakaneta uye wakashoshoma, uye ivo vakange vaparidza zvakaoma mangwanani iwayo. Uye saka nda—ndakaparidza ndakavamiririra Svondo manheru. Uye saka tiri—tiri... ndinokutendai, zvakanyanya.

³ Zvino pane zvikumbiro zvakawanda, ivo vanodaro, zvemunamato. Uye saka ngatingozvirangarirai, kutanga, zvikumbiro zvese izvi. Ngatikotamisei misoro yedu zvino.

⁴ Baba vedu veKudenga, zvakanyorwa kunzi tinofanira kupinda muungano dzeNyu tiine kuvonga pamoyo pedu, toita kuti zvikumbiro zvedu zvzivikanwe muungano dzeVatsvene. Uye tine zvakawanda zvazvo, mangwanani ano, zvakawanda kwazvo, zvekuti hatizive kuti tingazvitaure kwaMuri sei kuti muzvione, asi Imi munozviziva. Pane zvakawanda zvisina kutaurwa nezvazvo. Imi munozviziva, zvekare. Saka, tinonamata nemwoyo yedu yese, sezvatakaita husiku hweSvondo yapfuura kuitira weHanzvadzi Shepherd, mwana, weHama Shepherd. Ipapo apo mune...Ndokudzoka, Mweya Mutsvene wakati, “Iye haana poriyo. Achaita zvakanaka.” Kugutsikana kwakadii kwatinova nako apo patinonzwa kubva kwaMuri.

⁵ Zvino tiri kukumbira mangwanani ano kuti Muchapa zvikumbiro izvi kuitira hurwere, kuitira musha wakafirwa, kuitira vadikanwa, nezvimwe zvose izvo zvataurwa, Baba. Tinonamata kuti Murangarire chimwe nechimwe. Uye ndinopa munamato wangu, nemunamato wevanhu ava, pamberi peNyu; yakaunganidzwa pamwe chete, uye yotumirwa kwaMuri, nemuZita raJesu Kristu. Tinzwei, Baba, tinonamata. Amen.

⁶ Ndinoda kutenda mumwe nemumwe wenyu mese nekuda kweminamoto yenyu kwandiri. Ini ndichiri... Munoziva ndakava nekuputika kudiki zasi kunzvimbo yekupfurira zasi uko. Uye Satani akaedza kundiraya. Uye—uye, hongu, iye haaigona kuzviita. Huh-um. Kwete. Mwari vakanga vasati vapedza neni ipapo. Saka iye haangogone kuzviita kusvikira zvose zvapera. Kana Mwari vachinge vapedza, ipapo ndinenge ndagadzirira. Asi ini... Shamwari yangu yakanaka, Hama Wood, zasi ikoko, dzinongova tsitsi dzaMwari, kana kuti vaizongowana kubva *apa* zvichidzika, uye kwete kubva *apa* zvichikwira. Kwaiva kuputika kwematani angaite mashanu kana kuti matanhatu kuri pedyo *zvaka dai* nekumeso kwangu, zvaka ita *saizvozvo*. Hakuna kumbondikuvadza kana napadiki. Maona? Kwakangomara kumeso kwangu zvisoma. Saka, izvozvo, zvakanaka, zvose zvaka bva zvino, kangova kavanga kamwe chete kadiki kasara *ipapo*.

⁷ Saka, ndinoda kutenda Hama neHanzvadzi Dauch vari neche kuno. Hama Brown, nevamwe, avo vakanzwisisa nekutaurirana parunhare kuti ivo vakaungana pamwe chete, boka revanhu, vakandinamatira. Uye izvozvo zvinongova chimwe chinhu, zvinoita chimwe chinhu kwauri. Munoziva, iwe unonamatira vamwe, nezvinhu zvose, uye zvadaro kana ukazoziva kuti mumwe munhu ari kukunamatira apo paunenge uchiuda, izvozvo zvinoreva zvaka wanda kwazvo. Uye ndinoziva vazhinji venyu hamuna kufona, kana chimwe chinhu, asi makaita zvimwe chete. Uye zvinoreva zvaka wanda kwazvo kwatiri. Uye ndicho chikonzero icho ini... hazvina kundikuvadza. Mwari vakandiita kuti ndiite zvakanaka. Uye saka ndinotenda zvikuru.

⁸ Zvino, ndine zviziviso tisati takumikidza tumachinda twudiki utwu. Zvino, manheru ano, kune shumiro patabhenakeri. Uye imi mose munouya pano patabhenakeri, huyai chaizvo kushumiro pano. Uye saka tiri... Ini ndiri kuzotaura panzvimbo yeHama Ruddell, manheru ano, kumusoro kuno pamugwagwa mukuru, imwe yehama dzedu dzinotishanyira. Uye zvadaro, pandinongodzoka, kana ndine humwe husiku, ndinoda kuenda kune Hama Junie Jackson. Ipapo hama iyoyo yekuSellersburg, tine chikwereti navo chehusiku humwe kumusoro ikoko, uye saka tinoda kuenda kumusoro ikoko kunovaona. Uye hama iri neche uko kuUtica, tichipinda muhusiku uhu sezvatinogona kuita.

⁹ Vhiki rino ndinoenda kuGreen Bay, Wisconsin, sekuziva kwenyu, kukonivhenisheni yedunhu yeveFull Gospel Business Men.

¹⁰ Svondo inotevera, ndiri kuchikoro chesekondari, icho chiri kumusoro uko, icho chandakanga ndiri kwachiri nguva yakapfuura ikoko. Ndakanganwa zita reodhitoriyamu yechikoro chesekondari iyoyo. [Imwe hama inoti, “Mather.”—Mupepeti] Rinonzi chii? [“Mather.”] Mather. Stephen Mather. Hongu. Zvakanaka. Odhitoriyamu yechikoro chesekondari.

¹¹ Uye zvararo, Muvhuro, ndiri mukonivhenisheni neche uko kwandakava nehurukuro nebato riya revashumiri muChicago, nguva yekugumisira ikoko. Tiri munzvimbo iyoyo kuitira musangano wekuonekana neHama Joseph Boze, avo vari kuenda kuTanganyika. Tanganyika, ndinotenda ivo vanoidana kudaro. Uye Kenya, neDurban, uye nekupfuura neimomo, ndichiita gadziriro dzemisangano yangu yemumatsutso iri kuuya; uye muAfrica, uye nemuSouth Africa. Uye zvararo tinokukumbirai kuti mutirangarire mumunamato mumisangano iyoyi. Zvararo tobva tadzoka.

¹² Uye handizive apo pandine nguva yekuiwana, rimwe zuva kutabhenakeri, kana kuti kwete, tisati taenda ipapo kumusoro kuNorth Carolina. Uye zvararo, kubva ipapo, toenda kuSouth Carolina. Uye zvararo nzira yese kuenda kuCow Palace muLos Angeles, kuSouth Gate. Uye ikoko ndiko kwandine tariro yekuti ndiende kunoona VaWeatherby, vanova avo vakagadzira pfuti iyo mbumburu yakaputikira mukati.

¹³ Ivo havana kuva nenzvimbo inogarwa nekasha yenyere yakadzorwa kumashure zvakananyanya, uye vorega kasha yenyere ichidzokera kumashure pane kuenda kumberi. Iyo yaiva pfuti yekare yandakangotumira kwavari. Ivo vakaita kuti iboorwe, zvararo, zvino ndokugadzirwa kuva imwe mhando yepfuti. Ndakaisa mbumburu mairi, ndokusimudza kuti ndipfure, uye iyo, saka, yakaputitsa pfuti mayadhi makumi mashanu akandipoterredza, saizvozvo, ikanyunguduka muruoko rwangu. Mupongoro wakabuda ndokuenda kumuganhu wemayadhi makumi mashanu, chekukokesa pfuti ndokuenda kumashure chaiko seri kwekeji renondo, mayadhi makumi matatu, makumi mana kumashure kwangu, uye zvimedu-zvimedu zvesimbi zvakabhururuka ndokubvisa makwati emiti nezvimwe zvole. Saka izvozvo zvaive pedyo *kudai* neziso rangu, zvingangoita inji imwe chete, apo payakaputika saizvozvo. Uye dai yainge yaputika. . .

¹⁴ Uye pfuti iyoyo inokwanisa kubata zviuru zvitanzu nemazana mapfumbamwe zvesimba rinomanikidza, pachayo, isina kuputika. Saka unokwanisa kufungidzira here kuti kwaive kuwanda sei kwaive pairi, kuti iite izvozvo. Uye rangarirai, kana ichiputitsa izvozvo, ingadai yakaputitsa

musoro wangu nemapendekete zvakare, muri kuona. Asi paiva naIshe vakamira ipapo, avo vasina kutombotendera kuti indikuvadze, zvakangondimara kumeso. Uye zvivedu zvishoma zvakapinda pasi pemboni yeziso rangu, ndokugadzira denderedzwa richitenderera mboni yeziso, saka hakana kubata mboni yeziso, apo pakapinda zvivedu zvesimbi. Chimwe chezvivedu zvakakura chakanamatira mudehenya ndokuenda chichitenderedza ziso, hachina kupinda muziso, zvakadaro. Oo, ini zvangu!

¹⁵ Pasina nguva refu yapfuura, munorangarira, ndakakuudzai kuti Akasangana neni mukamuri, ndokuti, “Usatya, nekuti Hupo husingambokundike hwaJesu Kristu hunewe nekusingaperi.” Maona? Maona? Saka izvozvo ndizvo zvinozviratidza, kuti ndizvo zvaAri.

¹⁶ Chiremba akatarisa ziso rangu muLouisville, akati ivo vakanyora vachidzorera kuna Chiremba Sam Adair zasi kuno, shamwari yedu, uye ndokuti, “Chinhu choga chandinokwanisa kutaura, kuti Ishe vakanga vakagara ipapo mangwanani iwayo nemuranda waVo kuti vamudzivirire, kana kuti angadai asina kana musoro nemapendekete zvakasara.” Saka, Ivo vakaita zvakanaka kwazvo kwandiri, uye ndinozvitenda izvozvo. Zviniti wedzerei kundisweddedza pedyo. Zvinogara zvichiita kamutsauko.

¹⁷ Uye zvadaro, mazuva maviri mushure maizvozvo, mazuva matatu, mushure mekunge ndanga ndichaenda kumusangano wangu, uko kwandakanga ndaronga kuCanada, mumwe murume, asingazive chimwe chinhu pamusoro peizvi, akandifonera kuti ndidzoke, uye tikatozoita kuti musangano uitwe pamberi. Maona? Ndingadai ndanga ndiri pamugwagwa kunze uko, chinhu ichi chisina kuitika saizvozvo. Maona? Uye saka zvadaro ndokufona zvekare, uye ndinofanira kutora musangano, musangano wekuCanada. Uye muchange muri muna Chikunguru, mavhiki ekupedzisira muna Chikunguru. Zvadaro ndiri kuenda kuDawson Creek, ndozoenda kuAnchorage, Alaska, Ishe vachida.

¹⁸ Zvino, hapana kana mumwe wemisangano iyi wandine kutungamirirwa kupi zvako kuenda kwauri, kana mumwe chete. Asi handikwanise kufunga zvekugara kuno zhizha rose, ndakagara kuno, uye vanhu vachifa kwese-kwese. Ndinofanira kudya Mbeu, kungave chero kupi, zvisinei kuti chii. Kana dzikasamera, kana shiri dzedenga dzikadzinhonga, chero chingave chii, ndinoda kudya Mbeu, nekuti Ivo vakandipa dzimwe dzekudya. Saka ndiri—ndiri kuzodyara Mbeu zvakadaro. Zvino, tine nguva pano iyo ini . . .

¹⁹ Vanhu vazhinji, izvo zvavanoti, “kubhabhatidza” vana vacheche mukutenda kweChikristu. Zvakanaka, izvozvo zvakanaka, kana muchiita izvozvo. Izvozvo zviri kwamuri.

Handiti, ivo havavabhabhatidze chaizvo. Vanongosasa mvura pavari. Asi, kwandiri, ndinofarira kugara nezvakangotaurwa neBhaibheri kuti tiite. Nokudaro, zvakangotaurwa neShoko, ndizvo zvandinoda kuita, chero zvinongove zvipi zvaRakataura. Uye, zvino, ini—ini handiwane chero nzvimbo ipi zvayo muBhaibheri. . .

²⁰ MuTestamende Yekare, vaiunza vana kuzodzingiswa panyama, vana vadiki vechirume, uye amai vaipa mupiro wekuchenewa, njiva mbiri kana gwayana.

²¹ Asi, muTestamende Itsva, nzvimbo imwe chete yandinokwanisa kuwana yekurangarirwa kweshumiro huru iyi ye. . . Kwaiva kukumikidza. Vakaunza vadiki kuna Jesu, uye Iye akavatakura mumaoko aKe ndokuvaropafadza. Ndizvo zvakaitwa nevabereki vezuva raKe. Uye hupenyu hwaKe hwaive muenzaniso wezvatinofanira kuita. Maona? Zvinhu izvi Akazviita kuitira muenzaniso.

²² Zvino, isu tinongotora vadiki, uye vanouya navo kwatiri, uye isu tinongovasimudzira kuna Mwari, tokumbira maropafadzo aMwari pamusoro pavo, uye tonamata munamato wekukumikidza kubva kuna amai nababa, kuna Mwari, apo pavanounza mwana wavo. Uye. . . kana kuvakumikidza nemuZita raJesu Kristu, kusvikira vakura zvakanwana kuti vabhabhatidzwe nemuZita raJesu Kristu. Uye zvino, Iye akati, “Chero chipi chatinoita mushoko kana mukuita, zviitei zvose nemuZita raJesu Kristu.” Saka—saka ndizvo zvatinoshuvira kuita.

²³ Uye zvino, apo hanzvadzi icharidza zvinyoronyoro rwiyo rwudiki urwu, hanzvadzi, rwatinarwo pano, *Vaunzei Mukati*. Uye vanaamai nevanababa vane vacheche vadiki ava avo vasati vambokumikidzwa kuna Ishe, kana mukavaunza zvino, apo ungano, tichiimba zvinyoronyoro kwavari zvino, rwiyo. Hongu.

Vaunzei mukati, vaunzei mukati,
Hunzai vadiki kuna Jesu.

²⁴ Ndinoda vadiki ava. Pane chimwe chinhu pamusoro pavo icho chinotapira kwazvo.

²⁵ Ini ndinofungidzira kuti uyu muTariyana chaiye. Haasi here? Zvakanaka. Mhuri yechiTariyana, vashoma avo vanofanira kukumikidzwa. Hanzvadzi diki yechiTariyana pano inobva, oo, inobva kuChicago, iri pano. Ndikati, “Iyi imhuri yechiTariyana, mangwanani ano, asi handisi kuzoparidza.”

²⁶ Zita rake ndiani? Jonathan David, izita rakanaka kwazvo! Zvino, Jonathan. Iye akati baba vake vaive ne—vaine nezita rechiTariyana, uye vakange vane. . . Ivo vanoda kuti mwana wavo apihwe zita remuBhaibheri.

²⁷ Munoziva, paive nemuTariyana mukuru muBhaibheri, aiva nezita rekuti Kornerio, imwe nguva, munoziva. Iye aiva neboka,

uye aiva munhu akanaka, uye aipa zvipo kune vanhu, apo iye achiva Murudzi, zvakadaro. Munoziva nyaya yacho. Uye rimwe zuva Mutumwa akauya kumba kwake, akamuudza kuti atumire zasi kune murume uyo aiziva hurongwa hwaMwari. Uye iye. . . Munoziva nyaya yacho. Apo, akave nevanhu ivavo mukuremekedza Mwari kukuru! “Zvino Petro achiri kutaura Mashoko aya, Mweya Mutsvene wakawira pavari.” Ndizvozvo chaizvo. Ndinonamata kuti mucheche uyu achave mhando imwe chete yemurume, zita rimwe chete.

²⁸ Jonathan, zvakanaka kwazvo! Ndingamuwanawo here? Huya pano, Jonathan. Ini zvangu, chipumha chidiki chakadini chetsvigiri kumhuri iyi!

Ngatikotamisei misoro yedu.

²⁹ Baba vedu veKudenga, makore apfuura, senyaya yandambotaura, yemurume mukuru ainzi Kornerio, uyo aive murume akanaka, akarurama, achibhadhara zvipo uye nekuda Mwari. Uye Mutumwa waMwari akauya kumba kwemurume iyeye. O Mwari, tinopa kwaMuri, mangwanani ano, Jonathan David mudiki. Ndinonamata, Baba veKudenga, kuti sekungomutora kwandakaita kubva mumaoko aamai nababa vake, avo vari kumupa kwaMuri. . . Ndinopa munamato uyu wekumikidza hupenyu hwemwana uyu kuti huve hupenyu hwekushumira kwaMuri, chiropafadzo kumba, dombo guru rekutsikirira kune Chechi. Zviitei, Baba. Ndinopa kwaMuri Jonathan David mudiki, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

³⁰ Mwari vakupei nyasha dzaVo uye vabatsirei kumukudza ari mukuraira kwaMwari.

Uropafadzwe, Jonathan David.

³¹ Zvino, uyu, ini zvangu, mukomana mudiki chaizvo, kana kuti musikana here? Mukomana? Ini zvangu, mumwe muparidzi ari kuuya, ndinotarira kudaro. Zita rake ndiani? Micah. Micah. Ndiri kutaura pamusoro pake mangwanani ano. Micah Edward. Edward, iroro izita rakanaka. Zvino, mudzimai wangu aizokwanisa kuita izvozvi zviri nani zvakananyanya kana iri nyaya yekumbata, nekuti ndinogara ndichitya kuti ndingavatyore kana vachiri vadiki. Maona? Mudiki anotapira zvakadini, iwo maziso madiki ari kungotarisa kwese-kwese. Iye mudiki kwazvo. Akura zvakadini? Mwedzi mumwe chete aberekwa.

Ngatikotamisei misoro yedu.

³² Baba veKudenga, mhuri diki iyi zvekare yafamba ichiuya kumusoro kuno kuzopa kwaMuri chibereko chekubatanidzwa kwavo muhupenyu chaMakavapa, kuti vakudze mukuraira kwaMwari. Ropafadzai Micah mudiki uyu. Mwari, ndinonamata kuti Imi muchamuita murume akafanana naMika ari muBhaibheri. Zviitei, Baba. Ipai kwaari maropafadzo aMwari. Ropafadzai baba naamai vake, uye mumuite anofemera pano panyika, dombo guru rekutsikirira kuitira chikonzero

chaKristu. Uye zvino, tinzwei, Baba, ndinoisa kwaMuri, kubva mumaoko ababa naamai, kuenda mumaoko aMwari, Micah Edward mudiki, muZita raJesu Kristu. Amen.

³³ Dai Ishe vamuropafadza, ropafadzwai, baba naamai, kuti mumukudze mukuraira kwaMwari.

Ndinotenda kuti ndizvozvo. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

³⁴ Oo, ndinongovada ivo vadiki, vangori vose zvavo. Zvekuti, mumwe nemumwe, mucheche akanaka kupfuura vamwe vese munyika. Hazvina kana basa. . . Pandakaunza Joseph mudiki kumba, iye aiva, zvechokwadi, kamuchinda kadiki kakashata kupfuura vamwe vose kandati ndamboona, asi amai vake neni takafunga kuti aive achiyemurika. Asi ndizvo zvazviri, munoziva. Ndzivo. . . Tinongofunga kudaro.

³⁵ Handisi kuziva, mangwanani ano, dzimwe dzenhengo dzedu pano. Paive ne—ne. . . Zvino, ziso *iri* rine mushonga webelladonna mariri, unodzimaidza zvakananyanya. Asi Hanzvadzi Nash. . . Ndavhunza pamusoro peHama Nash; Handizive kana vanga vaita zvakanaka. Vari. . . Varipo here? Oo, zvakanaka, hongu, vari pano. Ishe ngavarumbidzwe, Hama Nash. Izvozvo, izvozvo zvakanaka.

³⁶ Zvino, Hanzvadzi Edwards, vari pano here? Ha. . . Kana kuti, Hanzvadzi Shepherd, avo vakanga vane musikana mudiki, anorwara, ava kunzwa zvakanaka zvino here? Zvakanaka. Ndakawana nhau dzacho, uye chinhu chacho chaiva maminitisi angangoita mashanu ndisati ndava nevanhu, vekunze kweguta, vekuzoitwa hurukuro. Ndakamhanyira mukamuri ndikanamata, uye ivo vakati mwana ari kubatwa neporiyo, maoko nemakumbo zvakanaka zviri kuomarara. Uye ndakamhanyira mukati kunonamata, uye ndikati, “Ndichauya kana chechi ichinge yapera.” Ndakaudza Loyce kuti afone zvekare uye kuti audze mudzimai wacho kuti ndaizonge ndiri ikoko shure kwekunge chechi yapera; kana achinge achindida, andifonere. Zvino apo pandakapinda kuti ndinamate, Mweya wakati—wakati, “Hapana poriyu. Achaita zvakanaka.” Ndakauya kuno, zvakanaka, tese takava nemunamato pano pachechi. Izvozvo zvakanaka zvanzviro.

³⁷ [Imwe hanzvadzi inoti, “Hama Branham?”—Mupepeti] Hongu, amai. [“Takaenda kuna chiremba musi weMuvhuro, mushure mekunge mamunamatira kekutanga, uye marwadzo ose emuchipfuva chake ose akabva, akabva pahuro pake.”] Ishe ngavarumbidzwe! Munamato unoshandura zvinhu.

Mati, haasi pano, mangwanani ano, ndizvo, mukuwasha? Hongu.

³⁸ Svondo yapfuura, nguva yekupedzisira pandakaparidza pano, Svondo pava nevhiki, paive nemumwe muchinda wechidiki akagara pano; Ndakaramba ndichimutarisa.

Ndakafunga kuti, “Ndinofanira kuziva muchinda uyo.” Uye ndokuzoziva kuti, aive mwanakomana wewandakadzidza naye kuchikoro wekare, Jim Poole. Nhai, takakura pamwe chete, kubva tichiri vakomana vadiki, tichikura. Iye ndiye uyo wandakaita tsaona yepfuti naye, nguva iya, uye zvadaro gare gare akave neimwe pachake, uye ari shamwari yangu. Ndinovimba kuti ndinogona kutungamirira mukomana iyeye kuna Kristu. Ndakaedza baba vake zvakaomarara kwazvo. Ndinotenda ndichadaro, nazvino, ndichamuunza mukati. Ndinotarira kuti ndinogona kutungamira muchinda mudiki iyeye. Iye aiva ne...Ndakatarisa-tarisa kwaari. Aitaridzika sekunge aiva newakanaka, uyo wandinodaidza zvino (musaite chitaurwa ichi kune munhu upi zvake), asi, mutsindo wemweya wake, manzwiwo akanaka. Ndinotenda hazvimbozotora zvakawanda kwazvo kutungamirira mukomana iyeye kuna Kristu. Saka ngatimunamatirei. Ndizvozvo chaizvo.

³⁹ Uye, hama, woona, mumwe munhu anga achirwara, kana kuti zvimwewo, izvo zvandiri kuedza kufunga nezvazvo.

⁴⁰ Zvisinei, tinonamatira vese. Uye apo dzimwe nguva...Paunutumira chikumbiro, rangarira, ipapo pandinohigamuchira...Mudzimai wangu ari muchivakwa pane imwe nzvimbo, ndinofunga, saka iye anoziva. Ipapo pandinongwana chikumbiro, ndinobva ndangorurama kukamuri yangu yepakavanda, ndopinda pakunamata, ndogara imomo kusvikira ndava kunzwa chimwe chinhu. Handingozviregera.

⁴¹ Rimwe zuva, apo Sam, Chiremba Sam, pavakabvisa zvinhu zviya kubva muziso rangu, ivo vakanga vachiedza, uye zvakavarwadza zvakanyanya, ivo vakatozoisa tauro kumeso kwangu. Vakati, “Handingaone ropa reshawari yangu yepedyo.” Ndokuti...Uye ini ndakageza mariri, munoziva. Ivo vakati—ivo vakati, “Ini handingokwanise kuita izvozvo uye ndoshanda pariri.” Maona? Uye saka ivo vakadzura ichocho. Zvino zuva raitevera ivo vaiva muchipatara. Saka ndakavanamatira, uye vakabuda vaita zvakanaka.

⁴² Uye zvadaro zuva rechipiri, mudzimai wavo, vakanga vasingamboziva kuti chii chakakanganisika naye, vakafunga kuti ava kubatira poriyu. Maona? Ndokuti, uye ndokuti... Zvino ndakamunamatira, uye zvino ave kumba apora. Saka takapinda mukamuri, Chiremba...Takapinda muhofisi, uye ivo...Takadhonza musuwo pamwe chete, ndokuti, “Zvino, Hama Bill, ndiri kuzokukumbirai chimwe chinhu.” Ndokuti, “Mungandinamatirawo here ini naBetty?”

Ini ndikati, “Regai. Regai tinamate.”

⁴³ Saka, ivo ndivo vacho Ishe vakaratidza chiratidzo, chepacho pavaizovakira kiriniki. Imi, munorangarira nyaya yacho. Kana uri wapokana nezvazvo, endako uye unovavhunza imwe nguva.

Hongu, vakangoti, “Regai chero munhu upi zvake auye muno.” Ndokuti, “Ndakazviudza kune vanhu zviuru gumi.”

⁴⁴ [Imwe hama inoti, “Hama Branham?”—Mupepeti] Hongu, hama. [“Kuitira avo vari pano mangwanani ano uye nokuisa kutenda kwakawedzerwa mumwoyo yevamwe: Mangwanani eSvondo yeEsta, makadana mweya unokosha pano, wechitatu wacho, uyo aiva murume. Makati aibva kuSeymour. Uye makati, kuburikidza nechizoro cheMweya Mutsvene, ‘Vanokudanai kuti, “Bill.”’ Ndinoziva murume wacho. Ndinomuziva kwazvo. Uye mushure mekunge tabva pano, zita rake rinonzi Isaac. Ivo vanomudana kuti ‘Bill.’”] Hongu, changamire. Maona?

⁴⁵ Zita rake chairo ndiIsaac. [Hama inoti, “Ndizvozvo.”—Mupepeti] Asi vanomudana kuti Bill. [“Ndizvozvo.”]

⁴⁶ Mweya Mutsvene haukanganise. Iwo haukundike. Zvino, uyu, mumwe munhu anga achitaura, akati...Ndine—ndine makumi mashanu nematatu, uye maku-...anenge makore makumi matatu nerimwe, andanga ndiri seri kwepurupiti, uye ndakaUona mumakumi ezviuru ezvinhu.

⁴⁷ Nezuro, ndaive zasi, zasi chaiko, neche kumawodzanyemba kweKentucky, pamuganhu weTennessee chaipo, uye ndakanga ndakagara muigwa neHama Daulton, avo Ishe vakapa vana vavo vose kwavari. Munorangarira mangwanani pano, apo pavakatanga kuenda. Uye ivo ndokuti, “Hama Branham,” vakati, “Ndinofungidzira zvinenge zvakaoma kwamuri kuti mufungidzire huwandu.”

⁴⁸ Ndikati, “O, Hama Daulton, makumi ezviuru zvakapetwa makumi ezviuru ezvinhu zvakaita saizvozvo.”

Vakati, “Sei musingaedze kunyora bhuku” (Ini ndikati...) “razvo?”

⁴⁹ Ndikati, “Oo, ini zvangu, Hama Daulton, zvaizo—zvaizoyambuka igwa rino pano, riri enisaikropidhiya, achingova mabhuku akawanda ezvandakaona Ishe vachiita. Uye hapana kana nguva imwe hayo yaVakambokundikana, munoona, kana nguva imwe chete; asi, zvakakwana nguva imwe neimwe.”

⁵⁰ Ndinoona, ndinotenda zvino, kana ndisiri kukanganisa, musikana weHama Shepherd, akapfeka dhirezi rinenge rine ruvara rwunotaridzika serweorenji. Ndinofunga izvozvo. Ndakamira paari, mamwe mangwanani. Iye akanga achifamba achidzika, uye ndakafunga kuti ndingatakure musikana asiri iye, saka ndakaenda. Saka ndakanga ndiri ini uyo akamira, hanzvadzi. Ini—ini ndakafunga kuti aiva musikana weHama Shepherd, uye ndaizomotakura, nekuti ndakafunga kuti zvimwe mota yavo inogona kunge yafa kana kuti chimwe chinhu. Takanga tichienda, kunotoro Becky. Uye ini—ini ndakafunga kuti anogona kuva musikana asiri iye. Asi zvino ndavaona vakagara navo apo, saka ndi—ndinotenda aive musikana wacho

chaiye. Saka ndakanga ndiri ini uyo akamira ipapo uye zvadaro ndokuzoenda.

⁵¹ Saka, munhu wese anoda Ishe Jesu here? Oo, zvinofadza kwazvo! Izvozvo zvakangonaka uye zvakakanakisisa. Amenii.

⁵² [Hama Neville vanoti, “Hama Willard vachangopinda.”—Mupepeti] Zvakanaka, Hama Willard, tinongofara kuva nemi muno. Uye munotaridzika zvakanaka kwazvo, zvakare, zvakakanakisisa zvandinokwanisa kukuonai. Isu tose tiri vaviri takaita sehamburger, pari pachiso. Ndinotaridzika sendakamborohwa neruoko rwakazara yaro. Uye ndakaona Hama Willard husiku huya, apo pavakanga vakarara, uye chaizvoizvo, ivo vaitaridzika zvinotyisa. Asi muri kutaridzika zvakanaka zvakananyanya mangwanani ano. Uye tinopa kutenda nekurumbidza kuna Mwari nekuda kwazvo, hama. Amenii. Hongu. Munoziva, dhiyahore haagone kutiuraya kusvikira Mwari vati, “Chiuya.” Zvadaro tinoda kuenda, hatidi here, Hama Willard? Ndizvozvo chaizvo. Kusvikira panguva iyoyo iye ari kungoedza pasina. Ndizvo zvoga. Ishe Jesu ndivo mubatsiri wedu nehutiziro hwedu.

⁵³ Zvino pano pandinotaura pano, apo pandinongova nemaawa matanhatu ekuparidza mangwanani ano. Maona? Kungo... Zvino, hatina kumbozivisa, hatina kutumira matikiti, nezvinhu, nekuti ini ndakatozivisa kuti handaizenge ndiri pano. Asi, kungodzika kuno kuzobatsira Hama Neville, uye kuti ndikuonei mose zvekare, uye tova nenguva diki yekuyanana.

⁵⁴ Uye Svondo yapfuura manheru, Hama Roy Roberson, handizivi kuti vari muno here, kana kuti kwete. Handisi kukwanisa zvakakwana kuti ndione kuti vari pano here. Ivo vakandifonera, vakanga vachindiudza nezveMharidzo.

⁵⁵ Uye mumwe munhu akafona, akati, “Ndainge ndichiedza kufunga pamakataura nezvekuti ‘Mwari vakatipa zvinhu zvese.’” Maona? Ivo vakadaro. Ivo vakatipa hupenyu. Edza kuhutenga. Ivo vakatipa rudo. Edza kurwutenga. Ivo vakatipa mufaro. Edza kuutenga. Ivo vakatipa rugare. Edza kurwutenga. Hapana nzira yekuzvitenga. Haugone kuzvitenga.

Zvadaro ndikati, “Akatipa rufu.”

Mumwe munhu akandifonera, akati, “Muparidzi, ndaedza kufunga kuti manga muchienda kupi naizvozvo.” Akati, “Ndafunga, ‘Uu-oo, pano Hama Branham vazvisungirira panguva iyoyo.’” Kwete apo Bhaibheri parinotaura kudaro. Maona? Bhaibheri rakati Ivo vakatipa rufu.

⁵⁶ Zvino, chii chatingaite nerufu? Munoziva, Pauro ava kusvika parufu, iye akati, “O rufu, rumborera rwako rwuripi?” Rufu harwutitonge. Isu tisu tinorwutonga. Ndizvozvo. Zvinhu zvose zvakapihwa kwatiri.

⁵⁷ Uye zvararo ndakapa muenzaniso wezvakaite Israeri, pakufora vachienda kunyika yevimbiso, vakanga vasati vamboona nyika iyoyo. Havana chavaiziva nezvayo. Vaingova nevimbiso yaMwari, kwaive nenyika, uye yakanga izere nemukaka neuchi, uye yakanaka, uye—uye yaiva nzvimbo huru. Uye yaive. . . Vakanga vasina kumboiona. Hapana akanga ati ambovako, aiziva chero chipi nezvayo. Asi vaive nevimbiso yayo. Uye nekutenda vakafamba vachipinda mugwenga.

⁵⁸ Uye pavakasvika chaipo pamutsara wepamuganhu, vaive nemurwi ipapo ainzi *Joshua*, zvinoreva kuti, “Jehovha Muponesi.” Saka iye akayambukira mhiri kweJorodhani, achipinda munyika yechipikirwa, akadzoka nehumbowo hwekuti nyika yacho yaivako. Ndinofarira izvozvo. Uye yaive nyika yakanaka. Varume vaviri vakatakura chitsama chimwe chemazambiringa. Yaiva nyika yakanaka, saka iye akadzoka nehumbowo hwekuti nyika yavakanga vari kuzatora yaiveko.

⁵⁹ Zvino, kuChechi, tiri kuenda kuNyika kusingafiwe, Nyika uko kusina rufu, Nyika uko kunomutswa vakafa. Uye takava neMuponesi mukuru mumusasa wedu. *Jesu* zvinoreva kuti “Jehovha Muponesi,” Mudikani. Uye Iye akayambuka Jorodhani rerufu, kupinda mune imwe Nyika, uye ndokudzoka, akauunza humbowo hwekuti tinorarama mushure mekufa. Amen. Saka rufu rwuri kupi?

⁶⁰ Uye zvararo Iye akatipa zvinhu zvese. “Zvino isu tine rubatso rwanhaka yedu. Zvekuti. . .” Zvino nyatsoteererai. Uye handisi kuparidza nezvenyaya iyoyo, asi iri kungoita zvakanaka kwandiri iye zvino. Maona? Kuti, tine rubatso rwayo. Nekuti, rimwe zuva takafamba muchivi; uye mushure mekubhabhatidzwa muZita raKe, uye tikamutswa pamwe naYe murumuko, takaburitswa kubva muchivi, hatichadi zvachose kudzokera kumashure zvekare. Maona? Takamutswa kubva muchivi, nehumboo hwatinahwo. Tinotova neimwe nzira murumuko chairwo kubva kurufu rwese. Maona? Kana takakwanisa kumuka kubva kuchivi, nekutenda maAri; uye apo pane chivi, ndiani angade kudzokera kumabhini emarara echivi zvakare? Maona? Takabva kurufu kuenda kuHupenyu. Maona? Uye ndirwo rubatso. Amen. Ndirwo rubatso rwerumuko rwakazara. Rufu rwese, panyama nepamweya, takakunda rufu rwepamweya, nekuti takabva kurufu kuenda kuHupenyu.

⁶¹ Uye saEria paakadzika achienda kuJorodhani rimwe zuva, uye akarwurova, aina Erisha, uye irwo ndokuzaruka, uye iye ndokuyambuka. Iye akadzoka aine mugove wakapetwa kaviri.

⁶² Uye apo patinorova Jorodhani, naKristu, tinenge tine mugove mumwe chete, asi apo patinodzoka, tiri kuuya nemigove miviri. Tine Hupenyu Husingaperi, rumuko kubva kuchivi, zvino, mukururama neMweya Mutsvene. Uye zvararo pakudzoka, naKristu, tinodzoka nezvose zviviri rumuko

rwepanyama, uye isu tinotova nerumuko rwepamweya. Tine mugove wakapetwa kaviri warwo. Nguva dzose mufananidzo waKristu neChechi: Erisha naEria.

⁶³ Oo, handidi kutanga pane izvozvo. Ini zvangu, ini zvangu, ini zvangu, hatimbofi takasvika paMharidzo iyi yemaawa matanhatu pano. [Hama Neville vanoti, “Nyama ichiri pabvupa, nazvino.”—Mupepeti] Hongu. Ini zvangu! “Nyama ichiri pabvupa,” Hama Neville. Ndichiri kuin’ena. Oo, hamusi kufara here? [Ungano inoti, “Ameni.”] Maona? Hatina. . .

⁶⁴ Hapasisina kunetseka zvachose. Rufu hachisi chinhu. Tinarwo. Nderwedu. Harwukwanise kunditonga. Ndini ndinorwutonga. Sei? Kuburikidza naIye Akandiita mukundi, nekuti ini ndakatokunda rufu nechekare. Ndakazviita sei? Nekutenda kwaAri. Maona? Rufu rwuri muchivi, kusatenda. Handisi munhu asingatendi. Ndiri mutendi. Ndakamuka kubva kuchinhu ichocho, ndakamuka. Ndirwo rubatso rwerumuko rwangu rwose rwakakwana rwepanyama, nerwepamweya, zvinhu zvose. Hongu, changamire. Mazviona here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Saka tine rufu rwuri pasi pekutonga kwedu, kuburikidza naJesu Kristu Uyo akakunda rufu, gehena, guva, hurwere, kusuwa, zvimwe zvinhu zvese, akakunda pamusoro pezvose.

⁶⁵ Uye zvino takamuka pamwe naYe, takagara munzvimbo dzeMuchadenga, kutaura pamweya, muna Kristu Jesu, nezvinhu zvose pasi petsoka dzedu. Kunyangwe rumuko rwepanyama rwuri pasi petsoka dzedu, nekuti tiri muna Kristu. Mu—muri kuzvinzwisisa here? Kana muchidaro, simudzai maoko enyu. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Amen. Zvakanaka. Chero bedzi muchizvinzwisisa, zvakanaka. Maona? Musatendera. . . Zvino ingorambai makazvichengeta mundangariro dzenyu. Maona? “Takabva kurufu kuenda kuHupenyu,” panyama, pamweya, nzira dzose.

⁶⁶ Uye zvinhu zvese, nezvinhu zvose, ndezvedu zvino. Hongu, nyika kunze kuno iri kuti tinopenga, zvino zvakadaro nyika yese ndeyedu. Ko uchaigara nhaka sei?

⁶⁷ Apo, sekutaura kwandakaita, Abrahama, munoona, aive munyika yechipikirwa; Mwari vakaipa kwaari. Roti akatorwa nevamwe vapanduki vanoita zviri kunze kwemutemo, akaendwa naye. Uyu aiva mwana wemunin’ina wake. Zvakanaka. Zvinhu zvose zvaive munyika iyoyo zvaive zvaAbrahama. Saka, iye akange asiri murwi. Haana kumbobvira arwa. Akanga asina chero varwi vaaiva navo. Aiva nevaranda. Asi paakaona kuti chimwe chinhu, dhiyabhore, akanga auya akamubira chimwe chinhu chakanga chiri vimbiso kwaari, akapa zvombo kuvaranda vake uye akatorawo chombo pachake. Iye akanga asingazive kuti aizonokunda sei boka rese iri remadzimambo. Aingova nevaranda vanoverengeka, asi Mwari vakamuudza kuti

aizviita sei. Iye akazvipatsanura, akauraya madzimambo, uye akadzoka ari mukundi. Sei? Akaisa kutenda kwake pavimbiso yaMwari yekuti zvese zvaiva munyika iyoyo zvaive zvake, uye Roti aive chikamu chazvo, ndizvozvo, aiva chikamu cheniyika yacho. Oo, ini zvangu!

⁶⁸ Uye ipapo akasangana naMerikizedheki, mushure mekunge hondo yapera. Ungakwanise here kungoona Abrahama achiuya achikwira nenzira? Iye akanga asingazive kuti aive murwi, asi akazoziva ipapo kuti ndizvo zvaiva. Hongu, changamire. Zvino akasangana neUyo Akapa vimbiso, Merikizedheki.

⁶⁹ Zvino ngativerengei kubva muBhuku raAmosi. Ndiri kuzotaura mangwanani ano; kwete maawa matanhatu, kunyangwe zvakadaro. Handitarire kudaro. Maona? Pane—pane musoro wenyaya, unoti, *Nzira YeMuporofita Wechokwadi*. Uye manheru ano, Ishe vachitendera, ndichataura pamusoro pekuti, *Kutura Mafemo*, uye saizvozvo i—Ishe vachitendera.

⁷⁰ Zvino, ini ndinozivikanwa kuve mutsoropodzi, asi ini—ini—ini handisi anotsoropodza, bedzi chero chipi zvacho chakatsveyama. Asi ini, isu, tinofanira kutsoropodza chakatsveyama.

⁷¹ Zvino, kana muri kuzobatidza marekodha enyu zvino, mukamuri, hongu, zvakanaka. Ndinoda kuverenga zvino kubva kuna Amosi, chitsauko 3. Kana kuti chi. . .Hongu. Chitsauko 3 chaAmosi, chingori chikamu chayo, Amosi 3:

Inzwai shoko iri rakataurwa naJEHOVHA richipesana nemi, O vana veIsraeri, richipesana nemhuri yose iyo yandakaburitsa kubva panyika yeEgipita, ndichiti,

Ndimi moga vandakaziva pakati pemhuri dzose dzepanyika: naizvozvo ndichakurangai pamusoro pe. . . kusarurama kwenyu.

Ko vaviri vangafamba pamwe chete, vasina kumbotenderana here?

Ko shumba ingaomba mudondo, isina chayakaruma here? ko shumba duku ingarira kubva mubako rayo, isina chayakabata here?

Ko shiri ingawira pasi mumusungo, paisina kudzikirwa rugombe rwayaisirwa here? ko mumwe angatora musungo kubva panyika, uye pasina chawakabata here?

Ko hwamanda ingaridzwa muguta, uye vanhu vakasatya here? ko guta ringawirwa nezvakaipa, uye JEHOVHA vasina kuzviita here?

Zvirokwazvo Ishe. . .havangaiti chinhu, asi vanozarura zvakavanzika zvavo kuvaranda vavo vaporofita.

*Shumba yaomba, ndiani angarega kutya? Ishe MWARI
vakataura, ndiani angarega kuporofita?*

⁷² Meso ake anofanira kunge akatsinzinyira zvishoma, paakamira mangwanani iwayo pachikomo chiri mhiri kweguta reSamaria. Ndiri kuona maoko ake akadzikama rwuchifamba nemundebvu dzake dzachena. Zuva raipisa raipenya pasi. Akanga asingataridzike zvinokwezva zvakanyanya pakumutarisa. Zvakasiyana zvakadini nevavhangeri vechizvinozvino nhasi! Mbatya dzake dzaive dzakasakara; ndebvu dzisingataridzike zvakana. Uye ndokutarisa zasi paguta riya reSamaria, meso ake achienda achitsinzinyira paakanga achitarisa. Akanga asina zvakanyanya zvekutarisa paari, asi aive neZVANZI NAJEHOVHA kunyika iyoyo.

⁷³ Zvakanga, zvichida, zvakasiyana zvakanyanya nembuserere iyi yaiuya, iyo Ishe vakanga vamutumira kuSamaria, pane izvo zvaizova vavhangeri vedu vazvinozvino. Akange asina midziyo yekushandisa parumutsiriro rwakadai, sezvataizofunga kuti iye aifanira kunge ari nhasi. Asi rangarirai, akanga asiri muvhangeri wazvinozvino. Aive muporofita. Akanga asina basa nemidziyo yazvinozvino. Aive neZVANZI NAJEHOVHA.

⁷⁴ Akange asina basa nemataridzikiro ake, uye kuti akanga akapfeka zvaive mufashoni zvakadini, kuti vhudzi rake rakanga rakakamwa zvakana, kana zvisinei kuti mumwe munhu amutarisa here kana kwete. Iye aiva neShoko raShe. Ndicho chaive chinangwa chake chakazara: kuunza Shoko iroro raShe. Ndiani aive muchinda uyu? Hongu. Aive Amosi, muporofita, munhu akakwasharara, asi aiziva paakanga akamira. Iye aiziva zvaaita. Aive muporofita wechokwadi weShoko. Uye chikonzero akanga auya kuguta iri, ndechekuti Shoko rakanga rauya kwaari.

⁷⁵ Zvino kana Shoko raShe richinge rauya kumuranda wechokwadi, iye anofanira kuenda, zvisinei nemamiriro ezvinhu, kana kuti zvisinei nematambudziko. Iye anofanira kuenda, zvakadaro. Zvisinei kuti akagadzirira, zvisinei kuti anonzwa kudaro, zvisinei kuti anoda kuzviita, zvisinei kuti chingave chii; anofanira kuenda, zvakadaro. NdiMwari vari kutaura, uye anofanira kutakura Mharidzo iyi. Nekuti, iyo... Haamboenderi zvehupenzi. Haamboenda nekuda kwemari. Haamboenda nekuda kwemukurumbira. Iye anongoenda bedzi muZita raShe, nekuda kwechinhu chimwe chete. Iye ane—ane basa, uye akatumwa naShe. Uye iye iShoko raMwari, nekuti akatakura Shoko raShe. Iyeye ndiye muporofita wechokwadi waShe.

Chidzidzo changu ndechekuti: *Nzira YeMuporofita Wechokwadi WaMwari.*

⁷⁶ Munhu mukuru uyu, waMwari asingatyi akaporofita mumazuva aJerobhoami wechipiri. Ndine chikamu

chenhoroondo yake chakanyorwa pano pamberi pangu. Akaporofita makore angaita gumi nematatu embuserere yake. Uye Jerobhoami aive, Jerobhoami wechipiri, akanga akada kungongwara uye ari murume aikwanisa seuyo Israeri yakambova naye kwechinguva. Aive murume akanga aunza budiro kuIsraeri. Israeri yakanga ichibudirira kwese. Asi, iye, paive nechakatsveyama naye. Ainamata zvfananidzo.

⁷⁷ Zvino ini ndakaita sekunge ndaiverenga izvi, rimwe zuva, ndikaita sekufunga kuti izvozvo zvaienderana kwazvo nezuva ranhasi. Hazvina basa kuti munhu akangwara zvakadii, uye kuti anokwanisa kuita zvakawanda zvakadii, uye kuti akabudirira zvakadii, kana akabva pana Mwari, iye idambudziko kunyika, abva pana naMwari neShoko Rake. Handizive kana zvisiri kuenderana nesu, nhasi, kune mumwe munhu anoda kugara paterevhizheni uye oratidza kuti akangwara zvakadini, kuti vane pfungwa dzakawanda zvakadini. Asi handizive kana vane dzakakwana dzekugona kutora ZVANZI NAJEHOVHA. Aive murume akangwara, zvakana.

⁷⁸ Israeri yaive muchinhanu chekudzokera kumashure. Vaparidzi vayo, vapisita vayo, uye nehurumende yayo zvekare, vese vakanga vasiya Shoko raShe. Zvino, ivo vakanga vasingazvitende izvozvo. Vakatenda kuti vaiva neShoko raShe. “Asi pane nzira inoita seyakanaka kumunhu, asi magumo ayo inzira dzerufu.” Sei vaive vakatsveyama? Sei munhu aigona kutenda kuti—kuti—kuti vakanga vakatsveyama? Huprisita hwese hwevarume, zviuru zvevaparidzi nevapisita, nemadzimambo nevabati vezvigaro, vese avo vaizviti vanonamata Mwari, asi, zvakadaro, vese zvavo vaive vakatsveyama.

⁷⁹ Zvadaro, ivo vakanga vasingadi mambo wekuti vabudirire. Chavaida aive muporofita, nekuti Shoko raShe, kana kuti dudziro yeShoko raShe, inouya kumuporofita wechokwadi. Dzimwe nguva unokwanisa kuona kuti nzira yake yakaita sei ipapo. Inzira yakakwasharara kwazvo, apo vapisita vese, nevaparidzi vese, ne—ne—nevauki vese, ne—nehurumende pachayo vanopesana naye. Asi, zvakadaro, Shoko raShe rinouya kumuporofita, uye iye oga. Iye ane Shoko rakarurama. Kunyangwe aive neBhaibheri rimwe chete ravaive naro, asi Shoko raive kwaari. Mwari vakanga vachisimbisa kuti iye aiva neShoko.

⁸⁰ Vaiva nezvivakwa zvakakura kudarika zvimwe zvose pamwe nehurongwa hwezvinamato, nezvimwe zvakadaro, izvo zvavati vambova nazvo, maaritari akavakwa kwese—kwese, ne—nemhando dzose dze—dzezvinhu, asi zvakadaro vaive mamaira miriyoni kubva paShoko raMwari.

⁸¹ Ndinofunga, ini pachangu, kuti mufananidzo wacho unonyatsokwana zvakana kwazvo nhasi, apo pandinoverenga

Bhuku iri raAmosi. Munofanira kuriverenga kana muchinge maenda kumba. Hurumende yese, vapisita, vese zvavo vaive vasiya Shoko raMwari.

⁸² Ndinoda kungoverenga chimwe chikamu cheGwaro pano, randinaro, kuti ndiratidze pavakange vazviita. Zvino ngativerengei chitsauko 2 uye ndima 4, kwechinguvana.

Zvanzi naJehovha; Nekuda kwekudarika katatu kwaJudha, uye nekana, handingadzori kurohwa kwavo kwacho; nokuti vakazvidza murayiro waJEHOVHA, . . .

⁸³ Ndiro Shoko, vakaRizvidza, asi zvakadaro ivo vakafunga kuti vaive naRo.

. . . uye vakasachengeta mitemo yangu, uye nhema dzavo dzakavaita kuti varasike, . . .

⁸⁴ Zvino, vaive neShoko, Bhaibheri, asi nhema dzavakanga vabatanidza naRo dzakange dzavaita kuti varasike.

. . . shure . . . idzo dzakafambwa madziri nemadzibaba avo:

⁸⁵ Maona chikonzero? Zvino, vakanga vane kukanganisa nekuti vaive vaisa dudziro dzavo kana kuti tsananguro dzavo kuShoko. Uye ndakafunga kuti zvaienderana nezva ranhasi, sezvo vazhinji vanoda kuisa pfungwa yavo pachavo kuShoko, uye isu topinda mumatakanana. Kutsiurwa kwakadii kubva kuna Mwari, kwaiva nemuporofita yu.

⁸⁶ Zvino, Amosi aive muporofita waMwari, muporofita wechokwadi. Chero munhu upi zvake anomboverenga nezva Amosi anoziva hushingi hwemunhu waMwari iyeye asingatyi. Iye anotorwa semumwe wevaporofita vadiki, nekuti haana kugara nguva yakareba zvakanyanya, asi zvirokwazvo iye akaisa demo kumudzi wemuti. Aive mumwe wevaporofita vakanga vasingatye zvikuru, uye akauya nechizoro. Akauya neZVANZI NAJEHOVHA. Aiziva zvaaitaura nezvazvo, nekuti chizoro chaMwari chaive paari kuti aunze dudziro yechokwadi kuShoko raMwari kwavari.

⁸⁷ Amosi akabva kumusha, murenje, kuguta rezvinoyevedza. Iye akanga asina kumbobvira ambovako ikoko kumashure. Aive mukomana wekumusha, kuseri chaiko uko murenje. Paakanga ari seri ikoko mumunamoto, Mwari vakanga vasangana naye, uye vakange vamuudza nezve huipi hwenyika iyi inoyevedza umo iye aive chikamu chayo. Uye Samaria ndiro raiva guta guru, rimwe remaguta makuru panguva iyoyo, uye repakutonga kwaJerobhoami.

⁸⁸ Uye paakamira ipapo mangwanani iwayo, pamusoro pechikomo, achifamba akapfeka mbatya dzake dzekare, dzekumusha, dzisina kunyatsogadzirwa zvakanaka, zvichida guruva nematope zviri patsoka dzake, uye apo akange arara munguwo iyoyo yakare yakakwasharara, husiku nehusiku.

Uye handizive, akange asina pekugezera pakanaka mumazuva iwayo. Aikwanisa kunge aiva mazuva mashoma kubva zvaageza. Asi izvozvo hazvikuvadze zvemukati memunhu. Zvakawandisa, pazuva, zvichiiswa kunze, pasina zvakakwana mukati. Tine hanyn'a kwazvo pamusoro pekuti tageza here zuva rega-rega, uye vhudzi redu ragadzirwa zvakanaka, uye mbatya dzedu dzachinjwa here, nezvimwe zvose, uye zvadaro torega mukati muchingove chero, makapfeka nguwo dzimwe chete dzechivi dzekare, muchinhuhwisa munhu wemukati nezvitendwa nedzidziso, uye morega zvachose kuunzvera nekuushambidza muShoko remvura yepatsanuro, kubva kuzvinhu zvenyika.

⁸⁹ Paainge akamira mangwanani iwayo, achitarisa mhiri kwechikomo, paguta riya rinoyevedza, rizere nezvinhu zvechimanjemanje izvo zvaakanga asina kumborota kuti kwaive nechinhwa chakadaro. Israeri yakanga iri mukukwirira kwayo. Yaive mumubatanidzwa nenyika dzese dzakaipoteredza. Yakanakisa kwazvo, madzimai akapfeka zvakaaurungana, neva—nevarume. Uye ivo vaive vakabatikana nemafaro, vachimhanya mijawo, nemaorimpiki, nezvimwe zvose zvichienderera mberi. Ndosaka meso ake akatsinzinyira zvishoma; kwete nezvinoyevedza zveguta, sezvingaitwa nevamwe vashanyi, vachiuuya muNew York, kana kuLos Angeles, vachiona vakadzi vasina kupfeka zvakanaka, varume vachingoenderera, uye nechivi.

⁹⁰ Dzimwe shamwari dzangu, mazuva mashoma apfuura, dzakanga dzichidzoka kubva kunoredza, pazasi chaipo pekoreji yeBhaibheri, inova koreji yeBhaibheri huru ine mukurumbira. Uye ipapo, varere mumugwagwa, mumasora, paiva nevasikana vechidiki, vasina kupfeka zvakanaka, nevakomana vechidiki, zvichida vadzidzi vepakoreji, vachinwa nekungoenderera, zvakashata.

⁹¹ Zvino, kungoenderera kwakadaro kunotekenyedza nzara yeve muAmerica vakawanda avo vanozviti Makristu. Apo pavanotarisa zasi muLos Angeles, kana kuti ndakavatarisa mundege apo patakauya kuLos Angeles; ivo havana kumbovako kumashure; kana kuHollywood, kana—kana kuFlorida nezviedza zvavo zvine mavara-mavara zviri pamusoro pe—pemitu yemichindwe. Oo, ivo vaizoisira paudha pamhino dzavo patsva, uye vogadzirisa pavakazvipenda kumeso. Ivo vaiva...vakafunga kuti chaiva chinhu chinoyevedza zvikuru kwazvo chavati vamboona. Uye nokuona vakashonga pamwe nekupfeka zvakanaka, vachifamba pamigwagwa, vaida kuenda kunze ikoko uye voona kuti vangapfeke hanzu dzavo dzichibata zvakadini, kana kumonyoroka vachikwira nekudzika nemigwagwa. Apo, ivo vanofunga kuti ichocho chimwe chinhu chinoshamisa kwazvo.

⁹² Asi meso iwayo akazodzwa naMwari emuporofita iyeye haana kutsinzinyira zvishoma nekuda kwezvinoyevedza,

sevamwe vashanyi, asi pakuwora kwetsika, kuvanhu avo vakadanwa kuti varopafadzwe naMwari. Meso ake haana kutarisa pane zvinoyevedza. Haana kutsinzinyira zvishoma nekuda kwezvinoyevedza. Zvaive nekuda kwe—kwe—kwekushaiwa hunhu nehuwori hwevanhu vakanga vakadanwa kuti vave vasarudzwa vaMwari, uye vachizvibata nenzira yakaita saizvozvo. Ndosaka, iye akati, “Shumba inoomba, ndiani angarega kutya? Mwari vakataura, uye ndiani angarega kuporofita?”

⁹³ Akaona huwori, kuora. Ndizvo zvaainge akatarisa kwazviri. Ndipo paakaona zvese izvozvo. Hazvina kumukwezva. Zvakamurwarisa pamunhu wake wemukati. Sei? Aiva muporofita. Aiziva izvo Mwari zvavainge vavimbisa kuropafadza, uye kuti ropafadzo raive chii, uye kuti vanhu vanozvibata sei vaine ropafadzo. Zvino dhivyabhore akatsveyamisa muzuva rake, kubva pane raiva ropafadzo rechokwadi, kusvika pakuora kwetsi—tsi—tsika; ropafadzo rekufadza meso nezvishuwo zvevanhu vasina kutendeuka, kune kuda pamwe nenzira yaMwari, uye nzira yaMwari yehupenyu.

⁹⁴ Zvinofanana sei nezuva ranhasi! Kuti vaparidzi vanokwanisa kumira sei mupurupiti, uye votarisa pachivi nehuwori hwenyika ino, uye voona vanhu vachiita pamwe nekuzvibata nenzira yavanoita, uye zvadaro vongo varopafadza nekuti ivo inhengo yechechi yavo, kana sangano, zvinopfuurira zvinganzwisiswa nemunhu wangu wemukati.

⁹⁵ Kana Mwari ataura, porofita! Kana Mweya waMwari ukarova muporofita wechokwadi waMwari, anodanidzira neShoko. Ini handidi kuva anotsoropodza, asi ndiani anokwanisa kunyarara? Ndiani anokwanisa kumira kuti atarise pane chinhu chakadaro, ozviti muranda waKristu, uye orega kuzvitaura? Handina basa nezvaizotaurwa nesangano, kana zvaizotaurwa nechechi ipi zvayo; ndicho chikonzero ndisiri nhengo yekwavo. Vaizokukavira kunze, chinhu chekutanga. Asi Shoko raMwari rinouya pekutanga. Kana iwe uri nhume, une chimwe chinhu chekutaura. Kana ukataura chero chinhu chipi chinopesana neShoko iri, hausi nhume inobva kuna Mwari; uri nhume yesungano yerimwe sangano kana imwe pfungwa. Asi nhume yaMwari ine Shoko raMwari.

⁹⁶ Uye shamwari yedu, mangwanani ano, patanga takamutarisa, aive neShoko raMwari, nekuti aive muporofita wechokwadi waShe.

⁹⁷ Zvino, vakafunga kuti vaive ne—nedudziro kwazviri, uye vakafunga, “Zvakanaka, chokwadi, tarirai zvatiri kuita.”

⁹⁸ Zvino, chinhu chiripo ndechekuti, tinaye amire apo pamusoro pechikomo mangwanani ano, achitarisa, zasi nemuguta. Achizunguza musoro wake, achitarisa; meso ake achitsinzinyira zvishoma. Achitora ruoko rwehanzu yake

ndokupukuta ziya kubva kumeso kwake, uye neguruva. Zuva rinopisa richipenyera pasi pamhanza yake. Ndebvu dzake dzakaremba; ari kudzipuruzira nemaoko ake. Haana kuona kuyevedza. Akaona chivi. Hachina kumufadza. Chakamurwarisa.

⁹⁹ Sei aizotadza kutaura kuti, “Ini, muIsraeri, tarisai kuti nyika yangu yabudirira sei”? Aizotaura izvozvo sei zvaaive muporofita wechokwadi waMwari, achiziva mhedzisiro, uye izvo zvaizoitika pachinhu chakaita saichocho?

¹⁰⁰ Ngatimumisei pachikomo nhasi uye tomurega kuti atarise pasi. Regai atarise muJeffersonville, kune vanhu vanozvidana kuti Makristu. Regai atarise chero kupi zvako muAmerica kune vanhu vanozvidana kuti Makristu. Meso ake akazodzwa naMwari aizotsinzinyira zvishoma zvekare. Maoko ake aigwinha-gwinha mundebvu dzake. Sei? Haaoni kuyevedza pamwe nekubudirira kunoonekwa nyenika. Iye anoona ku-kubva pana Mwari. Anoona kuora kwetsika kwevanhu. Anoona kudzokera shure kwenyika. Anoona kuora mukereke. Aizokwanisa sei kuita chero chinhu chipi kunze kwekutsinzinyira zvishoma meso ake, uye oshuvira kupinda mazviri, kuitira kuti agokwanisa kuzvibvarura kuita zvidimbu?

¹⁰¹ Ko dai mumwe bhishopi akasangana naye kumusoro ikoko, uye oti, “Zvino, uri muporofita waShe here? Zvino, isu tichakuudza zvaunokwanisa kutaura nezvausingakwanise”? Munofunga kuti angadai akateerera here? Ko dai vaizoti, “Huya ujoinhe sangano redu zvino, uye tichakubatsira mumbuserere yako”? Munofunga kuti angadai akateerera here? Kwete. Handaikwanisa kufungidzira zvakadaro, kubva kumurume akadaro. Kwete.

¹⁰² Aiva akatumwa naMwari. Akanga asingasungirwe kuve nemushandirapamwe wavo. Iye aive neShoko raMwari, chizoro chaMwari, nguva yakatarwa naMwari. Akanga achiuya muZVANZI NAJEHOVHA. Uh-huh. Ndiye muporofita wechokwadi. Ndiyo nzira yaanofamba nayo. Haafambi nechimwe chinhu kunze neZVANZI NAJEHOVHA.

¹⁰³ Ko guta iri reSamaria rinoyevedza kwazvo, iyi Israeri inozviitira zvayo yoga, yakadzidza zvepamusoro, ava vaparidzi nevaprisita vakakwenenzverwa kwazvo, vaizogamuchira here muchinda mudiki uyu, asingazivikanwe? Zvichida mutauro wake waive wakashata kwazvo. Akabva kumhuri yevarombo murenje. Akabva pamba, adanwa naMwari, akaenda murenje kunodzidza Mwari neShoko raKe, ndokuva muporofita. Ishe vakamubereka akadaro.

¹⁰⁴ Vaporofita vanozvarwa, nhume yezera, uyo Mwari, nekufanoziva, vanoziwa zera nemumiririri waVo imomo kuti atsiure chivi.

¹⁰⁵ Ko guta rinoyevedza iroro raigona kumugamuchira here? Imi munofunga kuti madzimai iwayo angadai akateerera kune zvaakataura? Munofunga kuti vapisita ivavo vangadai vakamuteerera here? Handiti, kwete, changamire. Akange asina tsigiro yaaiva nayo, kubva kune sangano ripi zvaro. Haaikwanisa kutaura, kuti, “VaFarise vakandituma.” Zvekare haaikwanisa kutaura kuti vaSadhuse ndivo vakamutuma. Haana kutakura chero magwaro api zvawo. Akanga asina chero kadhi ripi zvaro rekuyanana kubva kune chero boka ripi zvaro revanhu. Akange asina anofanotungamirira wekunoronga mbuserere yake. Pakanga pasina kuve nevaFarise vose vakave nemusangano wemubatanidzwa uye ne—uye nekudya kwemangwanani kwevashumiri, uye vakava nezvinhu zvese pamwe chete, kuti vagadzire mbuserere yake, uye vachiziva kuti akanga achiuya. Akanga asingazivikanwe kwavari. Akanga asina kadhi rekuyanana. Akanga asina magwaro. Akange asina tsigiro kubva kuvanhu.

¹⁰⁶ Asi aiva neZVANZI NAJEHOVHA. Ndiyo nzira yemuporofita wechokwadi. Aiva neZVANZI NAJEHOVHA. Kana aiva neZVANZI NAJEHOVHA, yakatosiyana zvikuru nezvirongwa zvedu zvakagadzirwa nevanhu pano. Ndizvo zvoga zvaaida. Kana akauya nenzira *iyi*, anouya nemuzita rechechi. Kana akauya achibva nenzira *iyi*, anouya nemuZita raShe. Saka, muporofita wechokwadi anogara achiuya nenzira yeZita raShe. Nguva dzose, anouya nemuZita raShe.

¹⁰⁷ Zvino, haaikwanisa kuratidza makadhi ekuyanana, asi iye—iye aive neShoko raMwari. Uye ndiro rakanga raturirwa naMwari kuvanhu. Zvino, vanhu vakanga vazviumbira masangano. Vaive nemapoka ezvitendwa akasiyana, uye ndizvo zvaive zvaumbwa nevanhu. Asi Amosi akanga asina izvozvo. Aingova neZVANZI NAJEHOVHA. Ndizvo zvaave nazvo.

¹⁰⁸ Ndingafungidzire kuti vapisita ivavo, ari mangwanani, vanova nezvishoma pamangwanani esabata, vova nemunamato mudiki, nezvimwe zvakadaro, shumiro diki dzekukumikidza, uye—uye ndokudzokera. Uye ndokutaura zvinhu zvishoma pamusoro paMosesi mukuru, uyo rimwe zuva akamborarama, uye nemumwe munhu mukuru uyo rimwe zuva akamborarama. “Asi, oo, mazuva aizvozvo apfuura zvino. Imi vanhu munoziva mukuru wedu wenyika mutsva, hurumende yedu itsva nezvose zvatinaivo,” uye ndokutaura pamusoro pezvinhu zvishoma zvakaite saizvozvo zvino mobva maenda kumba.

¹⁰⁹ Asi hepano pakauya murume akanga asina hanyin’a nazvo. Iye akauya neZVANZI NAJEHOVHA. Maona? Ndiyo nzira yemuporofita. Asina zvemushandirapamwe, aiziva zvaive zvakatarisana naye, aiziva kuti zvinhu zvese zvaizopikisana naye, aiziva kuti vaizomuramba, vaisazomugamuchira. Asi akanga achiuya muZita raShe.

110 Jesu aiziva kuti Karivhari yakanga yakatarisana naYe, asi Iye akauya muZita raShe. Maona? Ndiyo nzira yemuporofita wechokwadi.

111 Aiva ane Shoko raShe kune nyika. Asi Shoko rechokwadi raShe rakanga risingazivikanwe kuvanhu ivavo. Asi, ivo vaifunga kuti vaive naRo. Ndinotarira izvi zvinoenda zasi pakadzama. Vaifunga kuti vaiva vakaperera kwazvo uye vari vanamati, zvekuti Shoko raMwari chairo raive chinhu chisingazivikanwe kwavari.

112 Ndizvo zvazviri nhasi. Shoko raMwari rechokwadi rakaratidzwa chinhu chisingazivikanwe kune vanhu vazhinji vechiPentekosti. Dudziro chaiyo yeShoko, nhamo chaidzo, nezvituko, maropafadzo chaiwo aMwari chinhu chisingazivikanwe kuvanhu vazhinji vanozvidaidza kuti vohutsvene, nhengo dzechechi, Makristu. Ichocho chinhu chisingazivikanwe kwavari. Havachizive. Taura nezvaCho kwavari. “Hatina kumbonzwa nezvechinhu chakadaro.” Uye, zvakadaro, masangano avo anokura pamwe nekubudirira, achiramba achikura uye achiwana nhengo dzakakura kwazvo nguva dzose, nemamwe masangano akawanda anowedzerwa gore rega-rega.

113 Vaifunga kuti chinhu chipi zvacho chinouya kwavari chaifanira kubva mumapoka emasangano iwayo. Zvirokwazvo havaizomugamuchira. Uyewo havaizozviita kunyangwe nhasi. Vakanga vakanganwa kare, kuti, “Mwari vaikwanisa kubva mumatombo aya kumutsa vaporofita vechokwadi kuna Mwari.” Mwari vanokwanisa, kubva muvarume veshure vemumasango. Ivo vanokwanisa kumutsa, kubva mumatombo aya, varume vanozomira neShoko raVo, uye voporofita muZita raVo, Chokwadi. “Kuisa demo kumudzi wemuti.” Regai zvimezu zvidonhe. Handina basa nekuti ane mushandirapamwe here kana kuti haana mushandirapamwe. Asi ndiyo nzira yemuporofita wechokwadi.

114 Vamwe vanhu vanofunga kuti anazvo zviru nyore. Havazivi zvavanotaura nezvazvo. Haana kuunzwa muguta nengoro yemabhiza, akagara pamabhiza akanaka, akasungwa nemahanesi, akaiswa zvinoshongedza, uye vapisita vakuru vakamira kunze uko, vane zvinhu zvikuru zvakakwirira pamisoro yavo, vachimukotamira, “Anoremekedzwa Chiremba *Nhingi-nhingi* ari kuuya.” Ikoko kwaizova kumwe kuronga kwesangano.

115 SaMambo wavo vese paakauya, Akauya, sekuti, akauya kuburikidza nemuchidziro chezvipfuwo mudanga, danga remombe. Haana kumbouya achipembererwa nemukubwinya, asi Akauya mukuzvininipisa kweMucheche akazvarirwa mudanga. Amosi haana kuuya. . . Shoko raShe; nekuti iye *aive*

Shoko raShe. Shoko raMwari ripi zvaro, haasi munhu wacho; ndiMwari.

Jesu akati, “Handisi Ini ndinoita mabasa.”

Ivo vakati, “Uri Munhu, uri kuZviita Mwari.”

¹¹⁶ Iye akati, “Zvadarwo kana ndisingaiti mabasa aMwari, regai kuNditenda. Asi kana mabasa achizvita urira pachawo, tendai mabasa, kana musingade kuNditenda.”

¹¹⁷ Amosi aive Shoko raMwari raifamba richidzika nenzira. Akafamba achipinda, zvisina kurongeka, kwete mumaitiro enyika. Akauya musimba reMweya.

¹¹⁸ Ndiyo nzira inouya nayo Shoko raMwari. Kwete muzvitendwa zvesangano, kwete mune chimwe chinhu chinoita semukadzi chiri mupurupiti; asi Rinouya musimba reMweya, kuzoratidza Mwari kunyika pamwe nekuvanhu. Rakatosiyana. Rakasiyana kwazvo!

¹¹⁹ Zvino, izvi zvichicherechedza, zvakakanganwika karekare, kuti Mwari vanokwanisa kubva mumatombo kumutsa vaporofita vechokwadi. Vakanga vasina...Sangano ravo haraifanira kumutsa muporofita wechokwadi, nekuti zvichida rakanga risingakwanise kuzviita. Nokuti, dai zvaizodarwo, aizonge ari muporofita wesangano.

¹²⁰ Asi, Mwari vanomutsa! Mwari vanotora zvaVanoda. Vanotora chinhu chisina basa, kazhinji, kuti chiite basa raVo; zvoratidza kuti NdiMwari. Munhu anozvitutumadza, uye achifunga kuti iye chimwe chinhu, zvaradarwo Mwari havakwanise kumushandisa, nekuti panenge pane zvakanwanda zvake pachake.

¹²¹ Ndiro dambudziko nechechi yeChikristu nhasi. Vanofunga kuti vanoziva chimwe chinhu. Bhaibheri rinoti, “Munhu paanofunga kuti anoziva chimwe chinhu, hapana chaanoziva chezvaanofanira kuziva.” Dambudziko nhasi, tine hundini hwakanwanda kwazvo, hunyengeri hwakanwanda kwazvo, dzidzo yakawanda kwazvo, chitendero chakanwanda kwazvo, asi tisina chatinoziva nezveruponeso rweShoko raMwari. Ndiwo chikamu chacho chinisiririsa. Hongu.

¹²² Vakanga vakanganwa, kuti, “Mwari vaikwanisa kubva mumatombo aya kumutsa vana kuna Abrahamu, kana kumutsa vaporofita vechokwadi veShoko.”

¹²³ Havasungirwe kubva kune chimwe chikoro. Mwari vanovapa chikoro chavo. Havasungirwe kuva nemadhigirii mana mukoreji. Havasungirwe kuva neBachelor of Art ravo, neDoctor’s Degree ravo, nezvimwe zvakaradarwo. Havasungirwe kuva neizvozvo. Mwari vanotora chero chinhu chipi zvachwo chaVanoda, uye voisa Shoko raVo machiri. Ko Vanozviita sei? Ivo vanoRionesa pamwe nekuRiratidza.

124 Havaikwanisa kutaure kuti Jesu akabuda museminari ipi. Iye akanga asina chero. “Ko Anobva kuchikoro chipi?” Akanga asina chero. Asi Aiva nechii? Aiva naMwari, uye Aiva Shoko. Havaikwanisa kunongedzera kumashure kune chimwe chikoro.

125 Uye Mwari havana kumbobvira vakasimudza munhu kubva muchikoro. Enda uchidzika zasi nemunhoroo uye woona kuti ndepapi paAkambozviita. Havadaro. Ivo vanotora chimwe chinhu kubva kune imwewo nzvimbo, icho chisina kana chinhu, pasina kana tariro yacho. Zvadaro Ivo vounza ichocho zvino voisa Shoko raVo machiri, vobva vaZviratidza. Ndizvo zvaVakange vachiita pano muna Amosi. Zvakanaka.

126 Zvino, Shoko raAmosi rakasimbiswa naMwari, muzuva, mumazuva avo pachavo. Kusi-. . .Mwari vakasimbisa Shoko raAmosi kuti rive sokudaro, kuti iye aive, aive neShoko raShe.

127 Uye dai aiuya kwatiri, izvozvi, munofunga here kuti nyika yedu nevanhu vedu vaizogamuchira murume akadaro? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Munofunga kuti veBaptisti vaaizogamuchira Amosi here? [“Kwete.”] VeMethodisti? [“Kwete.”] VePresbyteriani? [“Kwete.”] MaPentekosti? [“Kwete.”] MaKatorike? [“Kwete.”] Kwete, changamire. Kwete. Zvirokwazvo iye haaizodaro.

128 Regai, kwechinguvana, timutakure tomuunza pano, kwechinguvana, uye toona kana vaizodaro kana kuti kwete. Ngatingoonai kana iye aizo. . .kana machechi edu aizomugamuchira nhasi kana kuti kwete.

129 Chinhu chekutanga chaaizoitika, aizopesana nesangano rese zvaro, nekuti rinopesana neShoko. Um-hum, uh-huh, hongu, changamire. Aizopomera hurongwa hwedu hwese. Ndizvozvo chaizvo. Dzidziso yose, chitendwa chose, sangano rese, aizopomera chinhu chacho chese.

Ndinongofungidzira, ndinokwanisa kuona vamwe vevakuru vePentekosti vachiti, “Hongu, kubwinya kuna Mwari! Kana iye. . .Hongu, hatingangova nemurume iyeye muguta medu.”

130 Uye munofunga kuti maPresbyteriani nemaBaptisti vaizoitei? “Nhai, uya asina zvaanoziva, hatimudi muno munyika yedu. Hapana zvaari angori mu—mupengereki.” Vaizosaina bepa kuti vamuise mutirongo, dai vaigona, kumubvisa mumigwagwa.

131 Asi munofunga kuti maikwanisa kumuchengeta imomo here? Oo, kwete. Hamukwanise kuvharira Shoko raMwari mukeji. Kwete, kwete. Rinozobuda, zvakadaro. Zvipfigiso zvejeri zvakazaruka humwe husiku, pavakaedza kuRivharira mukeji. Chiedza chakapinda chikamudzikinura akabuda.

132 Kwete, iye—iye aizopikisana zvemazvirokwazvo nehurongwa hwedu. Zvakanaka. Iye aizoitei kutanga? Kuhubvarurira pasi. Sei? Iye muranda waMwari. Aizoenda akarurama kuNheyo chaiko otanga mbuserere yake,

achinyatsodzoka, uye obvarura chitendwa chose kubva pairi, uye odzokera kuNheyo. Chii Nheyo? PaShoko raMwari. Ndizvozvo. “Matenga nenyika zvichapfuura, asi Mashoko aNgu haangapfuuri.” Saka iye aizobvarura sangano rese, chitendwa chose, dzidziso yese, kubva mairi, uye ozvirasira kumativi, iye aizozviputitsa kupinda muna Ziendanakuenda.

¹³³ Munofunga kuti maPentekosti aizomugamuchira here? Kwete, changamire. MaBaptisti? Presbyteriani? Kwete, changamire. MaNazarini? Pilgrim Holiness? Vaizomuvenga. Zvirokwazvo. Munofunga kuti vaizobuda kunze kunosangana naye mu—mulimousine, uye vomuunza muguta? Vaizonamata kuti zuva rimupise kumusoro ikoko. Vaizogadzira chinovhara mugwagwa, kuti vamuvharire kunze kweguta. Handiti, kwaizove nemisangano yakawanda yevashumiri kwese-kwese, muguta rose, yawati wakamboona muhupenyu hwako. “Vharirai mupengereki uyo kunze kweguta rino.”

¹³⁴ Asi, zvakadaro, iye aiva neZVANZI NAJEHOVHA. Maona? Ndiyo nzira yemuporofita wechokwadi. Aizozvidzwa. Zvirokwazvo. Aizoenda akarurama kuNheyo, kuitira mbuserere yake. Haaizoshaiwa. Haaizotaura kuti, “Zvino, ndinoda imi mose maMethodisti kuti mupinde zvino mundibatsire. Ndinokuda iwe muBaptisti. Ndinoda imi mose vanhu vari kwese kuno. Imi mose maPentekosti, munozviti muri boka rekupedzisira iro richadanwa naMwari, Ndinoda kuti imi mose muuye kwandiri, uye ndinoda kuti mutsigire mbuserere yangu.”

¹³⁵ “Ko munobhabhatidza sei? Ko humbowo hwekutanga hweMweya Mutsvene chii?” Mibvunzo iyoyo, yaizokandwa muchiso chake. Uye paaidzoka neChokwadi cheBhaibheri, vaizomuramba. Asi ndiyo nzira yemuporofita wechokwadi. Ane zvese izvozvo zvekutarisana nazvo. Maona? Zvirokwazvo.

¹³⁶ Hataizomugamuchira. Kwete, changamire. Edu—edu... Hataizova neimwe. Hatizova kana nembuserere dzake mose munyika medu—medu. Kwete, zvachose. Zvakanaka, hatimboda kuva naye. Kwete, changamire. Asi iye aizouya odzosa Chechi kuShoko, nekuti Iyoyo ndiyo Nheyo. “Chero munhu upi anozorora pane imwewo nheyo, iroro ijecha rinonyudza. Pamusoro penheyo *iyi* yoga, Mwari vanovaka Chechi yaVo, pamusoro peDzidziso yevaapostora.”

¹³⁷ Sezvandakanga ndichitaura rimwe zuva; mumwe munhu achitaura nezve—nezve purigatorio, uye ndokutaura nezve vakawanda vakaita saMutsvene Francis naMutsvene Cecilia, uye iye achinamatira vamwe vanhu, kubuda mupurigatorio, uye nekupa masimba akadaro. Iroro isimba risiri mumagwaro. Ivavo vanhu vasina simba rekutonga. Vaapostora vaive nesimba reMagwaro. Uye kana zvichipesana navo, inhema, sekuziva kwandinoita.

138 Ndinotenda mupurigatorio, asi ndinotenda kuti ndiye zvino. Unochenesa mweya wako pachako. *Purigatorio* zvinoreva “kuchenesa.” Paunoona kuti waita chimwe chinhu chisina kunaka, buda kunze uko uye wochisuka kubva mauri, nekureurura, nekuchema, nekutsanya, nekunamata.

139 Mumwe munhu akatondiseka apo Ishe pavakauya kuno kwete nguva refu yapfuura ndokundipa chiratidzo. Ndakagara ndichida kuona nezvekusunga nyoka iyoyo. Ndaigara ndichinetsika kuti zvinoitika sei. Ndinofanira kufamba ndichibuda kunze saizvozvo. Apo, ndizvo zvandaida, hupenyu hwangu hwese. Ndokubva ndatanga kutsanya nekunamata. Ndokuti, “Ko unoitirei izvozvo?”

140 Ini ndikati, “Imomo, Vakati ndakanga ndisina kuperera zvakakwana.” Mushure mekunge iVo vauya, ipapo ndipo pandaida kuzvichenesa. Kwete kumirira kusvikira wafa, uye worega mumwe muprisita kuti aedze kukuchenesa. Chenesai mweya yenyu!

141 Asi, maona, vakazviburitsa kubva muShoko rine simba rehutongi, vakazviisa mumaoko eimwe dzidziso yakagadzirwa nevanhu, kuti vaunze mari muchechi, nekuti vanotarisa kune zvinhu zvemunyika, chechi yemunyika, masimba makuru ari munyika, masimba ezvematongerwo enyika. Asi Mwari vanotarisa kuShoko raVo. Uye shoko ripi zvaro rinopesana neShoko raMwari rakatsveyama. Kana ndiri ini, iShoko kana kuti hapana chinhu. Hongu, changamire. Hongu, changamire.

142 Aizoenda akarurama kuNheyo. Aizobvarura chinhu chacho chese kuita zvimedu-zvimedu. Aitozofanira kudaro. Haaikwanisa kuita chimwe chinhu zvekare, dai Amosi aive pano nhasi. Haaikwanisa kuita chimwe chinhu zvekare, nekuti, rangarirai, iye muprofita wechokwadi waMwari, uyo Shoko rinouya kwaari. Haaikwanisa kuita chimwe chinhu zvekare asi kudzokera kuShoko. Hazvina mhosva kana maPentekosti ese ari munyika akaungana akamupoterredza, akati, “Changamire, Amosi, tinotenda kuti iwe uri muporofita, asi wakabva paShoko. Tinoda kukugadzirisa.” Iye aizogara neShoko. Hapana chimwe chinhu zvekare chaaigna kuita, nekuti iye muporofita. Iye akange asingadi mushandirapamwe wavo. Ane Mharidzo yekuti ape. “Uye avo vose vaNdakapihwa naBaba vachauya kwaNdiri.” Uye iye ari kuzoparidza Shoko, uye ari kuzoRiparidza sezvaRinozenge rakaita muBhaibheri, uye nokudaro taizomuramba. Ndizvozvo.

143 Hazvina mhosva kuti Raizova chii, Shoko raMwari rinouya kuvaporofita, dudziro yavo yeShoko, idudziro yakarurama.

144 Israeri yaigara ichibuda mugwara, zvino Mwari akavatumira muporofita ane zviratidzo nezvishamiso, kuti aduzire Shoko iroro. Uye iye aiziva sei? Ivo vakati, “Kana muporofita

uyu akataura, uye zvoitika, zvararo ndizvozvo chaizvo.” Vakasimbisa vaporofita vaVo, kuti vaive vakarurama.

¹⁴⁵ Jesu akati, “Uyo anotenda kwaNdiri, mabasa aNdinoita iye achaitawo zvekare. Izvi muchazviziva. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.”

¹⁴⁶ Uye ko vangazviti muporofita waShe sei uye voramba Shoko racho chairo raMwari? Ko munhu angabhabhatidze sei nemuzita ra “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” iwo madunhurirwa, uye oramba Zita chairo raJesu Kristu, apo zvapasina Gwaro muBhaibheri rinotsigira dzidziso yavo? Ndinokwanisa kunge ndakaamarara uye ndichitsoropodza, asi yave nguva yekuenda naikoko. Ichi iChokwadi.

¹⁴⁷ Ko vanhu vangazviti ivo pachavo Makristu sei nhasi, uye vachimhanyira kunze kuno kune zvese, uye madzimai ane vhudzi rakagerwa, uye vakapfeka zvikabudura, uye vachisvuta midzanga, uye vachimhanya kuenda kumabhaisikopo, nechero mhando zvayo yenzvimbo yekare ine zvinoratidzwa, uye vachingoenderera? Nditaurire kuti ndiwo Mweya Mutsvene here? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Usambofa wakanditaurira izvozvo. Iwe, unoita kuti Mwari varware mudumbu maVo, dai paine chinhu chakadaro chaigona kuitwa. Hongu. Ndine chokwadi chekuti munonzwisisa. Kuzvidana pachako, zvakaita saizvozvo, ko pangava nechinhu chakadaro sei? “Nezvibereko zvavo vanozivikanwa.”

¹⁴⁸ Aizotsiura zvakasimba nekupomera mudzimai wese ane budzi rakagerwa. Ko aizogona kuita chimwewo chinhu sei? Iye muporofita. Uye ndiro Shoko. Aizoti, “Imi, vanaJezebheri!” Aizovaitira hashu. Sei? Iye muporofita. Aizofanirwa kugara neShoko. Ndizvozvo chaizvo. Munofunga kuti vaizomira here? Kwete, changamire. Ivo vaizoti, “Iye mupengereki. Iye akashata sezvakanga zvakaita Pauro uya wekare, muBhaibheri, aivenga madzimai.”

¹⁴⁹ “Imi, boka reMakristu anonyengera, angori ezita. Hazvina mhosva kuti munoedza kurarama hutsvene zvakadini, izvozvo hazvina kana chekuita nezvazvo. Chero bedzi imi muchiramba Shoko raMwari uye morega kuenderana naRo, uri mutadzi, uyo asingatendi,” ndizvo zvaizotaura. Iye haaizo... Kuisa, aizoisisa demo pamudzi wemuti chaipo. Hapana chaaizosiirira. Iye muporofita, uye ndiyo nzira yemuporofita wechokwadi. Vaizogara neShoko iroro zvisinei nekuti ndiani. Kana vari mai vavo pachavo kana baba, hazvina mutsauko wazvinoita. Jesu akadaro. Haana kana kutombomudana kuti amai; akanga asiri. Iye aiva Mwari. Mwari havana amai. Vaizodaro, zvararo ndiani baba vaKe? Uh-huh, uh-huh.

¹⁵⁰ Iye aizovatsiura zvakasimba nekuvapomera. Aizotsiura sangano rega-rega, nekuti hapana kana rimwe rawo rakavakirwa paShoko. Handikwanise kuwana rimwe rawo.

Uye pavanongoita sangano, vanobva vapesana neShoko ipapo chaipo. Saka angagona sei. . . muprofita angaropafadza sei izvo zvinopomerwa neShoko? Asi, haadi kuzviita, kurwadzisa hama yake, asi zvakadaro anofanira kuzviita nekuti iye muporofita. Uye iye mumiririri weShoko rechokwadi raMwari, uye haafambe kubva paRiri, nenzira ipi zvachose; chirevo pamusoro pechirevo, uye mutsara pamusoro pemutsara. Munoono zvandiri kureva here? Nzira yemuporofita wechokwadi.

¹⁵¹ Vangani vanoti, “Ishe, ndinoshuva kuti dai Maindiita muporofita”? Haaite izvozvo. Kwete. Haaite izvozvo.

¹⁵² Aizopomera chiito chega-chega chekushaiwa hunhu chemakereke, mabiko ekubheja nezvinhu zvese izvi zvavari kuva nazvo, mabiko emakasa, svusvuro dzemuto. Aizopomera chimwe nechimwe chazvo. Aizozvitsiura zvichinopinda mugehena umo mazvakabva.

¹⁵³ Munofunga kuti maizomugamuchira? Kwete. Chechi nhasi hayaizomugamuchira. Pentekosti kumugamuchira? Saka, aizofamba achipinda imomo, oti, “Imi boka rakagerwa vhudzi revanaJezebheri, hamuzivi here kuti ZVANZI NAJEHOVHA inorevei? Unofamba kunze kuno wakapfeka kadhirezi kadiki kanobatirira nemuviri, hauzive here kuti une mhosva yekuita hupombwe mazuva ose nemazana evarume?” Ndizvo zvaazotaura.

¹⁵⁴ Iwe woti, “Zvakanaka, munhu wechinyakare asingazive! Muchinda wekare ane mhanza, anotaridzika kuve mupfumbu, mubvisei papurupiti iyo. Ngatikuonei imi, boka revabati vekomwe, madhikoni, mubvisei pano.”

¹⁵⁵ “Nhai, imi boka revanyengeri vanonzwisa tsitsi.” Ndizvozvo. Amosi aizozvitaure. Zvadaro imi mozvidana kuti, “Isu tiri. . . Tiri veboka *iri*. Tiri veboka *iro*.” Imi muri vadhiyabhore, baba venyu, nekuti ndiye anoramba Shoko.

¹⁵⁶ Woti, “Ndakataura nendimi.” Uye zvararo wogera vhudzi rako? “Kubwinya kuna Mwari! Hareruya!” Uye Bhaibheri rakati, “Chinhu—chinhu chinonyadzisa—chinonyadzisa, kuti mudzimai anamate akagerwa musoro wake saizvozvo.” Zvararo wozvidana kuti Mukristu pachako. Unonyadzisa. Kambaira kuenda mukona pane imwe nzvimbo, wogadzirisa naMwari.

¹⁵⁷ Unopfeka idzo hanzu diki dzekare, uye wobuda kunze kuno muchivanze, uye wozvitatamura, apo paunoziva zvakanyatsonaka kwazvo kuti uri kuita hupombwe nezana revarume mazuva ose. Akati, Jesu akataura kudaro, “Ani naani anotarisa mudzimai kuti amuchive atoita hupombwe naye.” Mudzimai ndiye akazviratidza pachake, uye iwe wakazviita mako. . .

¹⁵⁸ Umo, iwe, iwe wakafa kuzvinhu zvenyika. Wakamuka kubva kune izvozvo, sekutaura kwandaita, pakutanga. “Waizotendeudza musoro wako uchinyara. Meso ako

atsinzinyire zvishoma pane chinhu chakaipa kudaro chechivi, pachinzvimbo chekutarisa madzimai kuti uvachive. Imi varume munoita chinhu chakadaro uye mozviti Makristu.” Ndizvo zvaazokudza. Ndiri kuedza kutora Mashoko ake mangwanani ano. Iwo aizove Mashoko ake. Nekuti, iye, rangarirai, iye muporofita wechokwadi. Iye aizofanira kugara neShoko iroro. Uh-huh. Ndiri kungotaura Mashoko ake. Ndizvo zvoga. Nekuti, kana makamuunza, iye iShoko. Zvadarro, herino Shoko, pachaRo. Munogona kuva musisina munhu, asi mune Shoko rake, nekuti aizonge ane Shoko raShe.

¹⁵⁹ Dzidziso yese yakagadzirwa nevanhu, aizoipomera, yakaita serubhabhatidzo “nemuzita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Iye aizokandira chinhu ichocho kumashure chaiko muna Ziendanakuenda. Aizozvipomera, zvekuti hapaizova nemunhuwi wazvo waizonge wasara. Hongu, changamire.

¹⁶⁰ Vangani, imi, vangani vari muचेचेchi mangwanani ano vaizomugamuchira pane izvozvo?

¹⁶¹ Zvino ivo, boka iri reJesus Name, ivo vaizo—ivo vaizoti, “Oo, taizomutora pane izvozvo.” Uye zvarro sangano renyu, iye aizokutsurairi zvakararo pamwe chete naro. Ndizvozvo chaizvo. Madzimai enyu akagerwa musoro, uye imi muchigara nazvo. Ndizvozvo chaizvo. Varume venyu, maitiro nemazvibatiro avo. Ndizvozvo chaizvo.

¹⁶² Vanhu vazhinji vanoti, “Zvakanaka kuva muporofita.” Ndizvozvo, kana wakagadzirira kutengesa zvinhu zvose kunyika wogara naMwari pamwe neShoko raKe. Hmm.

¹⁶³ Kwete, hataizomugamuchira nenzira ipi zvayo, masangano edu nhasi. Zvirokwazvo hataizove nechii hacho chekuita naye.

¹⁶⁴ Teerera kwaari achizvitsiura. Iye akati, “Mwari wacho wamunoti munotenda maari, Achakuparadzai.” Iwe uchaitei pamusoro paizvozvo? Mwari wacho uyo Pentekosti inotenda maari, kubva pazviito chaizvo zvekushaiwa hunhu nezvinhu zvavari kuita pamwe nekutendera kuti zviitwe, Mwari iyeye chaiye achauza kutongwa pane iwo masangano. Ndizvozvo chaizvo. Chaizvo zvakaraurwa naAmosi kwavari.

¹⁶⁵ “Oo,” ivo vakati, “isu tina Abrahamu. Isu tine—isu tine *izvi*. Tine murawo. Tine vaporisita. Tine vaporofita.”

¹⁶⁶ Oo, hama, meso iwayo akatsinzinyira zvishoma paakatarisa pavari, uye akaputisa Shoko iroro mavari. Hongu, changamire. Chokwadi. Havaizomugamuchira. Kwete, changamire. Iye akati, “Vachavaparadza nedzidziso dzenyu dzakagadzirwa nevanhu.” Ndizvo zvaazokutaurirai nhasi. Aizotaura zvimwe chete sezvaakaita ipapo. Iye akati, “Mwari wacho chaiye wamuri kuvakira machechi, zvichida muchibhadhara mamiriyoni emadhora, nzvimbo tsvene dzacho dzamuri kuvakira kuna Jehovha, uyo wamunoti munomuda, Mwari iyeye chaiye achakuparadzai nekuti muri kuramba Shoko raKe.”

167 Ndizvo zvazviri nhasi! Mwari wacho uyo anonzi neAmerica inomushumira achaunza kutongwa pamusoro penyika iyoyo uye oiparadza. Ndinotarira izvozo zvinosvika pakadzika kwazvo zvekuti hamuzomonyoroka kubva mazviri. Iyeye Wacho chaiye wamunoti munomuda, uye nezvitendwa zvenyu pachenyu zvakagadzirwa nevanhu, nehupenyu husina hunhu nekuora kwamunako mamuri, muri kure neShoko raMwari, achakuparadzai rimwe zuva. Iyoyo iZVANZI NAJEHOVHA. Hapana chimwe chasara kwavari.

168 Pinda mumutsara neShoko! Paridza Vhangeri kwavari; dimura nemunyika mose; vaudze Chokwadi. Vashumiri vanokakavara nekudanidzira, nekungoenderera. Varume vanopomera. Masangano anokudzanga. Madzimai vanozunguza musoro wavo, uye havazotendera vhudzi ravo kuti rikure, pasina. Vanopfeka mbatya dzavo chaizvo zvimwe chetezvo, gore negore. Zvakangoita sekudururira mvura kumusana kwedhadha. “Zvadaro woti unoda Mwari?”

169 Iye akati, Jesu akati, “Imi makatora tsika dzenyu mukaita kuti Mirayiro yaMwari ishaiswe basa.”

170 Ndiyo nzira yemuporofita wechokwadi. Maona? Haisi nzira iri nyore. Haisi izvo zvinofungwa nemunhu wese kuti inogona kunge iri.

171 Kusvetuka mudenga nekudzika nekudanidzira, munhu wese achikubhabhadzira pabendekete, zvadaro ndicho chiratidzo chekuti hausi muporofita wechokwadi. Ndicho chimwe chezviratidzo chaizvo chekuti hauna izvo zvauri kutaura nezvazvo.

172 Riinhi apo pavakambomubhabhadzira kumusana, kunze kwekunge vaiva nenyaya yavaida kugadzirisa? Chii? Aizotendeuka uye ovapomera. Ndizvozvo. Havaikwanisa kubhabhadzira Amosi kumusana. Havaikwanisa kubhabhadzira Eria kumusana. Iye haaisada zvinhu zvakadaro. Kwete, changamire. Akavaudza Chokwadi chaMwari. Uye kana Denga rakakura kudaro, uye uko kwatiri kuenda, zvino kana tisingakwanise kupinda mumutsara wezvinhu zvidiki-diki, ko tichazopinda mumutsara sei neMweya Ikoko? Tinofanira kupinda mumutsara weShoko. Ndiyo nzira yemuporofita wechokwadi. Kunyangwe zvaimubvarura kuita zvidimbu, kuti aRitaure, hongu, iye anofanira kubvarura nyika kuita zvidimbu, naRo. Ndizvozvo chaizvo. Asi ndiyo nzira.

173 Iye aizozvitsiura. Oo, ini zvangu! Munoziva zvaakataura kwavari? “Bongozozo,” kana mukacherechedza pano, iye akati, “hazvisi muhurumende yenyu, zviri mamuri.” Ndizvo zvaakataura. Hongu. “Bongozozo muchechi, chimiro chenyu chehumwari, ndizvo zvakakonzero dambudziko.”

174 Chikonzero chikoministi chiri kutsvaira nyika nhasi, hazvisi nekuda kwechikoministi. Imhaka yechechi. Imhaka

yevanhu. Nhasi uno vanozvidaidza kuti Makristu. Ivo vanoimba seNgirozi. Manzwi akanyatsodzidziswa, uye achitaura nenzira yakatsetseka, sekunge vaive Ngirozi huru; asi vopokana Shoko raMwari, semadhimoni. Ndizvozvo chaizvo. Kuimba seNgirozi huru, kupfeka zvokuti handizive-kuti-chii, uye voramba Shoko raMwari.

¹⁷⁵ Mumwe murume, muparidzi ari papurupiti, uyo achamira ipapo uye achinzi Chiremba, Reverend, uye womuvhunza, “Ko Bhaibheri rakataura here rubhabhatidzo nemu ‘Zita raIshe Jesu Kristu,’ kana kuti, ‘Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene?’” Uye iye anozoseka pachiso chako uye ota, “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Zvadarwo wozviti uri mwana waMwari?

¹⁷⁶ Madzimai vachiziva kuti Bhaibheri rinovapomera kana vakaita zvimwe zvinhu, uye vogera vhudzi ravo, uye vozvibata senyika, vopfeka hanzu dzisina hunhu nezvinhu zvakaita saizvozvo, uye vacharamba vachizviita, zvakadarwo; uye votaura nendimi, nekusvetuka kukwira nekudzika, uye vodanidzira, vova nesosaiti yemadzimai echikuru, nemapoka ekusona, uye votumira mamishinari mumunda wekuvhangerana. Zvava chinhu chinonhuwa pamberi paMwari. Uye, ZVANZI NAJEHOVHA, Ivo vachaparadza chinhu chacho chose. Ivo vachadarwo.

¹⁷⁷ Hachisi chinhu chiri nyore, asi ndiyo nzira yemuporofita wechokwadi. Riputitse kunze uko, uye uRitaure zvisinei nekuti Rinorwadza here kana kuti kwete.

¹⁷⁸ Johane aive muporofita wechokwadi. Iye akati, “Demo raiswa pamudzi womuti.” Ndiyo nzira yavo. Chokwadi.

¹⁷⁹ Dambudziko riri maari. Anoimba seNgirozi, kutamba semadhimoni kunze kuno, madhanzi, kungoenderera, kutamba makasa, nzvimbo dzemujaho. Mapentekosti, vachienda kunzvimbo dzevaraidzo, nzvimbo dzemabhaisikopu dzakazara navo. Nzvimbo yese, chero mhando ipi zvayo yekutamba kwekare kana chero zvimwewozve, uye voenda zasi chaiko ikoko, uye nemijaho nezvimwe zvese, uye vozvidana kuti Makristu, vokwira kumusoro pamwe nekudanidzira, votaura nendimi, uye vogešana tsoka nekudya chirairo.

¹⁸⁰ Handiti, zvinongova—zvinongova, “Sembwa inoenda kumarutsi ayo,” muporofita akadarwo, “ndizvo zvavanoitawo.” Kana chinhu ichocho chaive chenyika, ndokutokavirwa kunze kubva mauri, ko sei uchidzokera kwachiri zvekare? Ndizvozvo. Havo vobuda kuenda mumigwagwa, vachimonyoroka, vanozvidana saizvozvo, rock-and-roll, vachigera vhudzi, vachipfeka zvikabudura. Oo, ini zvangu! Vozvidana kuti Makristu. Munga . . . Kwete, zviri nani kuti ndisazvitaure.

¹⁸¹ Ndosaka ndichivapa mhosva. Kana ndiri kuzogara neShoko *iri*, kana Shoko iri richiyaya kwandiri, ndichagara neShoko iri. Iri ndiro rinouya kwandiri, Shoko. Rinopomera mhosva!

¹⁸² Ivo vanoti vanotungamirirwa neMweya Mutsvene, uye voita zvinhu zvakadaro. Ungafungidzire here mudzimai, achitungamirirwa neMweya Mutsvene, orega vhudzi rake richigerwa, apo Mweya Mutsvene chaiwo uchizvipomera mhosva? Saka imhando ipi yeMunhu uyo ari Mweya Mutsvene? Mungafungidzire here?

¹⁸³ Mungafungidzire here muparidzi akamira papurupiti, uye chero munhu upi zvake omupikisa kuti amuratidze nzvimbo imwe chete iyo munhu upi zvake akambobhabhatidzwa pachishandiswa madunhurirwa okuti “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” uye oseka pamberi pechiso chako okudana kuti mupengereki, nekuda kwekubhabhatidza nemuZita raJesu Kristu, uye oti anotungamirirwa neMweya, uye oti iye ane Mweya Mutsvene? Ko Mweya Mutsvene ungangoramba Shoko raWo pachaWo here? Kwete, changamire. Uu-u. Muri kuona? Ndinovimba mazvibata.

¹⁸⁴ Handizivi kuti inguva yakawanda zvakadii. Kuputika kunotevera kunogona kundiuraya. Asi, kusvikira kwazviita, ndichange ndakamira ipapo chaipo neShoko. Apo pandichasangana nemi mhiri uko paKutongwa, ndichange ndakamira ndiri pane Shoko iroro chaipo. Ndizvo zvandinotenda kuti iChokwadi.

¹⁸⁵ Kwete, hauite zvinhu zvakadaro, uye ipapo wova neMweya Mutsvene. Ndakaenda kumudzimai wemushumiri imwe nguva, akagara neche kumusoro uko akapfeka dhirezi, raitaridzika zvakashata kwazvo.

Imi munoti, “Hauna kodzero.”

¹⁸⁶ Ndinayo mvumo. Ndiro Shoko racho. URiparidze rese. Unodarika zvinhu izvozvo, vaparidzi vazhinji vanoita sevakadzi, nekuti ivo havana hushing... Zvimwe hauna kutombobvira wakadanwa kuti uparidze, kubvira pakutanga. Hongu. Asi muranda wechokwadi waMwari anozonyatsogara neShoko iroro. Ndizvo.

¹⁸⁷ Mudzimai wemushumiri akagara ipapo, akazvimanikidzira mudhirezi, aine mhete dzakaremba, akazvipenda kumeso, nevhudzi pfupi rakagerwa. Apo, Mwari vanopomera mhosva chinhu chacho chese kuti itsvina. Uye ipapo uchiti une Mweya Mutsvene?

¹⁸⁸ Ndakanga ndichiparidza muno muPhoenix, nguva shoma yapfuura, pane chimwe chinhu chakadaro, uye mudzimai wemushumiri akagara papurupiti, aine imwe iyi yemhando dzekagererwo kechikomana vhudzi rose rakaita mhotsi, uye nedhirezi iro rekuti haikwanisa kudzivisa hanzu dzemukati kuti dzisaonekwe. Rakanga risingadzike kudarika mabvi ake. Mainji angaita mana kana mashanu pamusoro pemabvi ake, agere kumusoro uko; achisvetuka kukwira nekudzika, achitungamirira nziyo. Ndakazvitsiura zvakaomarara nepose

pandaigona napo. Hongu, haazondikoke kuti ndidzoke zvekare. Handitarisire kudaro. Asi anoziva icho chakanaka nechakaipa. Apo pandichamira paKutongwa, zvinenge zvisisiri pamaoko angu zvachose. Zvadarwoenda uye woti . . .

¹⁸⁹ Mumwe murume, anongonziwo mudzidzisi, izvo zvandisingataure asi iye haasi, akataura chitaurwa rimwe zuva, pamberi pedzimwe dzeshamwari dzangu mune rimwe guta randakambenge ndiri mariri. Munoziva hama yacho. Zvino hama iyi yakapinda. Akati, zvakanaka, akati, “Takava naHama Branham pano kamwe chete.” Rimwe guta, uye kunze uko Kumadokero. Zvino murume uyu akati, “Oo, Hama Branham murume akanaka.” Maona? Iye aiziva zviru nani pane kuti akandire chinhu chese-chese pahunhu. Akati, “Hama Branham, asi musateerere matepi avo, nekuti iwo anozokuitai kuti muvhiringike.”

¹⁹⁰ Zvino zvakaitika kuti imwe yeshamwari dzangu yaiva yakamira ipapo, ikati, “Mirai zvisihoma, changamire! Ini ndakanga ndakavhiringika kusvikira *ndanzwa* matepi.” Hongu. Ndiwo mutsauko wacho. “Ndakatadza kunzwisisa kuti Mwari mutsvene anozotsungirira sei nezvinhu zvakadaro, sezvamunoita mese.” Hongu.

¹⁹¹ Munhu mumwe chete, mumwewo aiva naye, akamira pane imwe nzvimbo nguva shoma yapfuura, akati, “Hama Branham muporofita. Vanokwanisa kunzvera zvinhu. Uye zvinhu zvakaita. . . Asi,” akati, “zvino, regai kuteerera Dzidziso yavo, nekuti iwo vakatsveyama.” Kupenga, kutaura kusina hunhu kwakadaro!

¹⁹² Hamuzivi here kuti kana ari mu. . . Handisi muporofita. Asi kana Shoko raMwari riri rechokwadi, Rinouya kumuporofita. “Shoko raShe raiuya kuvaporofita.” Ndivo vacho vaidudzira Shoko. Zvadarwo, muri kuona, hamu. . .

¹⁹³ Hazvina kana musoro, kungohwanda kuseri kwesangano risina nebasa rose, rimwe ramazuva ano richabuda rumba, uye roparara mugehena.

¹⁹⁴ Asi Shoko raMwari richagara nekusingaperi. Pamusoro peDombo iro ndichavakira tariro dzangu nekusingaperi, pamusoro peShoko raShe. Regai zvimwe zvinhu zvese zvinyure. Kana ndikarasikirwa neshamwari dzese, zvinhu zvose hazvo, hushamwari hwangu huri muna Kristu.

Tariro dzangu hadzina kuvakirwa pane
chimwe chinhu

Asi paMashoko aJesu nekukurama;

Kana zvose zvapoteredza mweya wangu
zvakundika,

Ipapo Iye ndiye tariro yangu yese nehugaro.

¹⁹⁵ Pfuti iya yakaputika rimwe zuva. Ndakaona. Ndakafunga kuti ndafa. Ndakava nemanzwiwo ane rugare. Ndakatarisa

kwese-kwese. Ndikafunga, “Saka, ndizvozvvo.” Chii chakanaka icho sangano raizoita kwandiri ipapo? Chii chakanaka icho sangano raizoita kwandiri ipapo? Ndaizofanira kumira uko pakutonga kwaMwari kunotyisa, kuti nditongwe neShoko *iri*.

¹⁹⁶ Kunyangwe ini ndaitofanira kupisa, nekubhendesha, nekumonyorora, pamwe nekupatsanura, vanhu vazhinji, asi ndiri kutarisira kugadzira, kuwana tsanga yechokwadi kubva imomo, yeShoko raMwari, zvino ipapo ndovaka munhu wemukati wemuna Ziendanakuenda. Ndizvozvvo chaizvo. Regai Mwari vaiise mumaoko aVo uye voivaka kuva mwana anoteerera.

¹⁹⁷ Zvingaita sei—zvingaita sei kuti murume, anotungamirirwa neMweya Mutsvene, oita chinhu chakaita seichocho? Kana, mudzimai ane Mweya Mutsvene, oita chinhu chakaita seichocho? Kwete. Iye mutsvene. Uye kana Hupenyu hwaKe huri mauri, uri zvimwe chete. Unenge wakangofanana naYe.

¹⁹⁸ Israeri, sesu, yaifunga kuti yaibudirira nekuda kwekubatana kwayo nevamwe, kuti kwaiva kutendera kwaMwari pazviri. Zvino, munoziva, tinofunga izvozvvo nhasi.

¹⁹⁹ Ndakataura nevamwe varume pano nguva shoma yapfuura, pane imwe hotera, mazuva mashoma apfuura, varume vakuru munharaunda dzezvekunamata. Uye vakati kwandiri, “Mwari vanoratidza kuti iVo vanesu. Handiti, takawedzera gore rapera, Hama Branham,” ndakanganwa kuti mazana mangani, saizvozvvo.

²⁰⁰ Ndikati, “Hachisi chikonzero chimwe zvacho chekutenderwa.” Uh-huh. Ndizvozvvo chaizvo. Chipfambi chakaita zviri nani, chakawedzera gore rapfuura, zvingaita zvikamu makumi matatu kubva muzana; izvozvvo zvairatidza here kuti Mwari vaive nechipfambi? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Uh-huh. Uh-huh. Uh-huh. Chokwadi. Huh! Pfungwa iyoyo haina kunaka. Kwete. Haukwanise kuzviita. Kwete, changamire. Mwari vanomira neShoko raVo. Chero mumwewo munhu anozomira neShoko raKe, kana akatendeka. Zvakanaka.

²⁰¹ Ivo vaifunga, nekuti vaive nemubatanidzwa! Zvino, pano, tichapindamo, muchinguvana, panyaya dzehurumende. Nyika yedu yakaramba Shoko raMwari, sezvakanogitwa neIsraeri. Vakaramba Shoko raMwari, uye vanhu vavo, vapisrita vavo, nevapoporofita, nevamwe vakadaro, vari kupoporofita zvakanaka kwavari. Uye ivo...Chii chatingaita kunze kwekupoporofita zvisizvo, nekuti zvinopesana neShoko! Iyo yaparara. “Nyika yedu huru, inodikanwa, zvichiva panheyo ye...chiitiko chedu chemadzitateguru edu.” Zvadaro dzokeraika kune zvavakanga vanazvo. Uh-huh. Ndizvozvvo. Chokwadi.

²⁰² Israeri yaiva nyika huru. Tarisai madziteguru avo, asi Mwari havana kuvanzwira tsitsi. Mupoporofita uya wekare ane mhanza aikanda Shoko kwavari, uye zvikaitika nenzira

chaiyo yaainge azviture nayo. Verengai nhorroondo yenyu pano uye muone kana zvisiri izvo. Zvakaitika nenzira yaainge azviture nayo chaiyo. Uye akavapomera mhosva, zvakadaro, ivo vakamira ipapo, uye vaprisita vatsvene vakapfeka nguvo tsvene, vachisasa *izvi*; uye havaitombobambisa ruoko, nenzira *iyi* kana nenzira *iyu*, nekuti chaive chimwe chinhu nenzira *iyi*, tsika kana kuti chimwe chinhu.

²⁰³ Jesu akati, “Muri vababa venyu, dhiyabhore, uye mabasa ake imi muchaaita.” VakaMutora vakaMupomera mhosva, uye vakaMuturika pamuti, ndokuMurraya. Ndizvozvo chaizvo. Mwari vakaMumutsa zvekare. Hongu, changamire.

²⁰⁴ Kwete, havaizodaro. Hataizotenda Amosi nhasi, kwete zvachose. Uye nhasi takagadzira mubatanidzwa. Tine zvatinodana nhasi... Isu tinofunga kuti “kutendera” kwaMwari, nekuti masangano edu ari kuwedzera huwandu uye— uye zvinhu zvese zviri kufamba nenzira yazviri. Isu tinofunga kuti “kutendera” kwaMwari pazviri. Munoziva, vakabatana, ndinotenda, zvingaita mamwezve mamiriyoni maviri kana matatu emaProtestanti. Uye maKatorike apfuura nemamiriyoni akati wandei. Maona? Vanofunga kuti kutendera kwaMwari, nekuva kwavo maKatorike. MaProtestanti vanofunga kuti kutendera kwaMwari, kuti ivo vange vari maProtestanti. Huh! Hazvina maturo. Iwo zvinhu zvakagadzirira kuparadzwa. Madota eatomiki. Ihasha dzaMwari dziri kuvakwa, kuti dzigoputika. Ndizvozvo chaizvo.

Imi nditeererei. Ndichakuudzai Shoko raShe. Amen.

²⁰⁵ Tarisai kwatiri. Tarisai kune nyika nhasi. Tarisai kune nyika yedu. Takabatanidzwa neU.N. Chii chiri mairi? Boka revasingadi Mwari. Uye isu, nehushingi hwekutadza kutendera munamoto kuti uitwe misangano yedu isati yatanga.

²⁰⁶ Handina here kungoverenga pano, “Vaviri vangafamba sei vasina kuwirirana? Mwari hapana chavanoita kunze kwekunge Vachizarurira kuvaranda vaVo, vaporofita. Vaviri vangafamba sei vasina kuwirirana?”

²⁰⁷ Apo, patine veMohamedhi, Bhudha, vasingatendi kuti kuna Mwari, vasina humwari, vane hundini, nezvimwe zvese, mairi. Imi munofunga—imi munofunga kuti Mwari vaikwanisa kugara mune chimwe chinhu chakadaro here?

²⁰⁸ “Saka,” iwe unoti, “kuti, zvakanaka, isu tiri mumubatanidzwa navo. Tine chengetedzo yese yeKumadokero.”

²⁰⁹ Vaive nyenika dzose dzakavapoteredza, mukuchengetedzwa. Asi muporofita iyeye akati, “Mwari vachakuparadzai. Mwari ivavo chaivo vamunoshumira vachakuparadzai, nekuda kwehupenzi hwenyu.” Aizotaura zvimwe chete mangwanani ano. Iye aizotsiura, kubva kuWhite House kusvika zasi kune purazi rakaromboka. Chokwadi aizodaro. Aizovatsiura

zvakasimba, neShoko raMwari. Zvirokwazvo aizodaro. Ndiyo nzira yemuporofita wechokwadi.

²¹⁰ “Tarisai kwatiri, machechi. Oo, ndisu chechi huru tsvene yeRoma Katorike!” Yakataurwa, muBhaibheri, kunzi iyo iMHOMBWE.

²¹¹ “Isu tiri madzitateguru emadzibaba, machechi echiProtestanti, ose akabatana pamwe chete, uye inonzi... inonzi Kanzuru yeMachechi ePasi rose.” Zvipfeve zveMHOMBWE, Bhaibheri rakadaro. Ndizvo chaizvo zvaRakataura. Uh-huh. Uye zvakadaro tinofunga, “Uye zvino machechi ose ave kufamba pamwe chete.”

²¹² VaCollins, shamwari yangu, hama inobva kuCalifornia, kana kuti, kuArizona uko. Yenyu ku... yenyu... Pete, [Hama Neville vanoti, “Elmer.”—Mupepeti] Elmer. Ini ndikati, “Saka, ndinofungidzira kuti uri kuenda kune imwe chechi diki yakanaka yeMethodisti.”

²¹³ Akati, “Ndakabuda mairi pavakajoinha Mubatanidzwa WeMachechi kumusoro uko.”

²¹⁴ Ini ndikati, “Mwari vakuropafadzei. Mava kusvika pedyo neHumambo, hama.” Uh-huh. Hongu, changamire.

²¹⁵ Chitendwa, kuzembera pakubatana nevanhu, uye nedzidziso yavo yakaitwa nevanhu, uye muchisiya Shoko raMwari. Chatinoda muporofita nhasi, oputitsa Shoko iroro imomo. Ndizvozvo chaizvo. Hongu.

²¹⁶ Ivo, vanozviwanira kuchengetedzeka pakati pavo. “Oo, takajoinha. Isu, maPentekosti, chokwadi, takajoinha Kanzuru yeMachechi ePasi rose, nekuti imomo tine kuyanana. Tichavahwinha.” Semudzimai ari kuenda kubhawa, kuti anodhakwa pamwe nemurume wake, kuti amuhwinhe kuna Mwari. Sezvakada kuita semurume ari kuenda nemudzimai wake, mazuva ano, kubhawa, kuti anodhakwa, kuti amuhwinhe mudzimai kuna Mwari. Hazvina maturo! Gara kure nenharaunda yadhnyabhore.

²¹⁷ Kana chinhu chipi zvacho chikaramba Shoko iroro, ndinopesana nacho. Ndizvo zvinondiita kuti ndipesane nesanganano rega-rega, nekuti rinopesana neShoko. Zvinofanira kuita kuti mutendi wese anzwe saizvozvo. Huh!

“Zvakanaka,” vanoti, “asi, rangarira, tine...”

²¹⁸ Ndine chimedu chakakura mubepa, mumwe munhu akanditumira kubva kuArizona, chezvakanzi tateguru *Nhingi-nhingi* ava, rimwe zuva, akati, “Papa John wechiMakumi Maviri neMaviri,” kana chero zvipi zvavanomudaidza, “aiva ane... Iye murume akanaka. Ndiye ega murume akambotaura nezvekubatanidza machechi, maKatorike nemaProtestanti, pamwe chete.” Akati, “Zvinogona kusauya mumazuva edu,

asi, makore gumi nemashanu kana makumi maviri anotevera, zvinenge zvava pano.”

219 Ndakafunga, “Vakomana, iwe uri tateguru, uri kuporofita, uye hauzvize.”

220 “Nguva yapera kupfuura zvatnofunga.” Muchinda akainyora kwandiri, akanyora pamusoro pepeji, “Nguva yapera kupfuura zvatnofunga.” Akanga achiteerera matepi, zvekare. Hongu, changamire. Iye akati, “Nguva yapera kupfuura zvatnofunga.” Akati, “Hama Branham, hamuna kutaura izvi here, makore apfuura?”

221 Ini ndikati, “Chokwadi.” Hongu, changamire. Zviri kutoitika, nekuti iShoko raShe. Rinofanira kudaro. Chokwadi. Hongu.

222 Ivo vanoti, “Zvakanaka, tateguru mutsvene uyu, hamufunge here kuti anofanira kuziva chimwe chinhu chinopfuura izvozvo?” Kwete, changamire. Kana akaramba Shoko raMwari, otarisa maRiri saizvozvo, haakwanise.

223 Handina basa kuti vana papa vangani, vaporofita, uye kuti chii chimwe chamunacho pakati penyu. Kana muri kunze kweShoko, muri kunze kweShoko. Ndizvozvo chaizvo. Ko Mwari vaizomboropafadza sei chinhu chakadaro, chero bedzi vachiramba Shoko raMwari racho? Ko Vangaropafadze sei chero chinhu chipi chiri kunze kweShoko raVo, chimwe chinhu chinopesana neShoko raVo? Ko iVo vangaRirambe sei?

224 Ko ungaropafadze sei kenza iri kukudya? Ko ungaropafadze sei wa—wa—waya yemagetsi iyo yawakabata, iwe woti, “Oo, ndibate uye undipise”? Ikoko kunozova kupenga.

225 Ko Mwari vangaropafadze sei chero chinhu chipi chinopesana neShoko raVo? Saka dzokera kuShoko! Uh-huh.

226 Imi boka revaparidzi, sembwa dzekuvhimisa, chii chakakanganisika nemi? Munoenda kunze kuno motengesa hudangwe hwenyu nekuda kwechikafu, kuti mufambe kwese-kwese muri muCadillac kana chimwe chinhu, kana imwe imba hombe, yakakwirira kune imwe nzvimbo, necheki hombe yemadhora miriyoni. Uye nezvinhu zvose izvozvo zvakadaro, uye motengesa hudangwe hwenyu, uye muchinyara pamwe nekutya kuparidza Shoko raMwari kuungano yenyu. Nhai, hauzvinyarire iwe pachako here? Uye wozvidana pachako kuti muranda, muporofita waMwari, uchitengesa hudangwe hwako nekuda kwezvinhu zvenyika. Chii chauchachochonya? Zvimwe chete nezvakaitwa naEsau. Oo, kunyadzisa kwakadini!

227 Oo, kwete! Mwari vatsvene vanotarisa Shoko raVo, kuti vaRisimbise, hawaikwanisa kuropafadza chimwe chinhu chinopesana neShoko raVo. Zvino teererai. Ndinoziva kuti ndapererwa nenguva zvisoma, uye ndinokwanisa kunge ndiri kukudzipai kusvika pakufa. Asi, tarirai, ndinoda kukubvunzai

chimwe chinhu. Ko Mwari vatsvene vangazoita sei, aVo vakataura Shoko raVo uye vakati, “Zvino, zvese matenga nenyika zvichapfuura, asi Iroto harizopfuura, hapana kana Shoko rimwe raRo,” zvino ko Vangatora sei chimwe chinhu chinopesana naRo uye vochiropafadza? Ko iVo vangazozviita sei? Tarirai. Ivo vanozviratidza, pachaVo. Vanosimbisa Shoko raVo. Ivo vanotaura izvo zvakarurama, kwete nenhengo.

²²⁸ Tarirai kune Moabhi. Moabhi yakanga ine Shoko raKe, zvekare, Moabhi. Israeri yaive neShoko raKe; uye Moabhi yaive nechimiro chehumwari, neShoko raKe. Ivo vakapirisa zvibayiro zvinomwe, nzombe dzakachena, pamaaritari manomwe; nhamba yakakwana, chibairo chakakwana. Zvadaro, kunze kwaizvozvo, akatora makondohwe manomwe, zvichitaura kuti vaitenda mukuuya kweMwanakomana waMwari, uye vakazvipirisa kumusoro ikoko, nemubhishopi wavo mukuru. Varemekedzwa vavo vese, vaprisita vavo vese nevaprisita vakuru, nezvimwe zvose, vakamira ipapo pamwe nemadzimambo avo nevakuru vavo venyika, nevamwe vakadaro, uye vakapirisa izvi pamanamatiro ose avaikwanisa kuva, vachipesana neIsraeri.

²²⁹ Uye kwaiva neIsraeri zasi uko, boka diki revapanduki, yaitaridzika kudaro. Asi chii chaiva neIsraeri? Mwari vaive mumbuserere yavo. Ivo vaizviratidza pachaVo, kuti Vaive navo. Maona?

²³⁰ Hazvina mhosva kuti vangave nemadzitateguru mangani, vanapapa, kana chero vamwewozve, Mwari havakwanise kuva navo kusvikira iVo vazviratidza pachaVo kuva navo. Uye chero bedzi vari kunze kweShoko raVo, uye vachiramba Shoko raVo, ko iVo vanokwanisa kuva navo sei? Hapana zviratidzo zvaMwari mupenyu pakati pavo.

²³¹ Mwari vangave sei vari pakati peU.N., apo vaviri vasingakwanise kufamba vasina kuwirirana?

²³² Zvino, tarirai pano. Pane Church of Christ, inogodanwa nezita, yakabatana nemaPentekosti. VePentekosti vanoti vanotenda mukutaura nendimi. Vanotenda muhumbowo hweMweya Mutsvene, kutaura nendimi. Vanoti vanotenda mune *izvi, izvo*, uye *nezvimwe*. Vanotenda muzviratidzo nezvishamiso. Church of Christ inovaseka, ikati, “Imi boka revanhu vasina zivo! Iwayo aiva mazuva akapfuura.” Vaviri vangafamba pamwe chete sei vasina kuwirirana? Uye ivo vakabatana pamwe chete. Ko vari kuitei? Vari kutsvaga kuchengetedzeka mumwe mune mumwe. Rasai zvinhu zvakadaro!

²³³ Kuchengeteka kwangu kuri muna Kristu uye nemuShoko raKe, nekuti Shoko raKe ndiye pachaKe. Ndizvozvo chaizvo.

Hapana zviratidzo zvaMwari mupenyu, kana nepaduku pose.

234 Ndizvo zvakataurwa naJesu, “Kana Ndikasaita kuti Shoko riratidzwe, zvararo regai kuRitenda. Kana Mwari vasingataure nekuporofita kuburikidza neNi, nekutaura kubudikidza neNi uye nekuita kubudikidza neNi izvo zvinongofanira kuitwa naMesia, zvararo regai kuNditenda.”

235 Zvararo, mumwe muchinda anoti iye muporofita akatumwa kubva kuna Mwari, uye oramba Shoko? Mwari ave netsitsi kune zvinhu zvakararo! Ko Mwari vangamboita zvakararo sei?

236 Regai ndibvunze, ndibvunze, ndeizvi here zvino. Ini—ini handizive kuti ndichataura nemi rinhi zvekare. Izvozvo zvinozova zviri kuna Mwari. Ndiri kungoisa Chikafu, sezvaAkandiudza muchiratidzo chiya nguva iya, ndichiChiisa mumadhiramu.

237 Unogona kundibvunza, “Ko Amosi aigofanoona sei izvo zvakanga zviri kuzoitika kwavari?” Handiti, zvaitaridzika zvakanaka.

238 Tarirai. Zvino tarirai pano. Zvino, nyatsoteerera zvino. Nekuti, Izvi zvese zviri patepi, uye Zvaenda, Zvichaenda pasi rese. Maona? Zvino sei . . . Tarirai pano.

239 Hapo paive neIsraeri. Maseminari avo aive muchimiro chiri nani kupfuura zvaave ati akambova. Hapana munhu ari kuvanetsa. Vaive nezvinamoto zvavo. Kwakanga kusina munhu aiti, “Haukwanise kunamata Jehovha.” “Enderera mberi,” ndizvo zvaitaurwa nenyika dzemahedheni, “namatai. Tine chibvumirano, mumwe nemumwe.”

240 Muporofita iyeye akaona kupfurikidza mune izvozvo. Maona? Saizvozvo muporofita nhasi anozoono kupfurikidza mune izvozvo. Maona?

241 “Enderera mberi.” Uye Israeri ikati, “Saka, ngatidyei, tinwe, uye tifare.” Saka vakaita boka pamwe chete ndokuzviitira zvitendwa, nemasangano, masangano, nezvimwe, uye vakanyatsa kuzvigadzirisa zvose. Uye madzimai avo aingorarama mumutambarakede nemuchivi kunze uko. Vakomana, vakatakurwa vachipoterera munzvimbo dzemitambo nemafaro nezvimwe zvose, vasina kupfeka zvakanaka, vakapfeka twumasiketi twunotaridzika kuva siriki. Kana makamboona dzimwe dzenhorondo dzavo—dzavo dzemazuva iwayo, kuti vaitaridzika sei, oo, zvingangoite chikamu chimwe chete kubva muzvitatu pakushata sezvavanoita nhasi. Zvisina kuzonyatsadaro, hazvo, nekuti ivo havaikwanisa. Hongu. Uye kuti vaiita sei uye vachingoenderera saizvozvo; nemadzimambo, nevaprisita, nevamwe vese.

242 Jesu akati, “Munoparadza dzimba dzechirikadzi, imi vanyengeri.” Iye akazvita. Uye nezvinhu zvese izvi zvavakanga vachiita.

²⁴³ Muporofita iyeye akamira ipapo, achitarisa zasi pane izvozvo, nyika iyoyo saizvozvo, ndosaka mwoyo wake wakabvaruka kubva maari. Hongu, changamire.

²⁴⁴ Zvino, imi munoti, “Ko iye akaziva sei zvakanga zviru kuzoitika? Ko iye akafanozviona sei? Sei?” Zvese zvaitaridzika zvakanaka. Handiti, vane zvekudya zvakanaka. Vane zvekupfeka zvakanaka. Ivo, vane machechi avo makuru. Vari kubudirira. Mari yakadyarwa kwese kwese, mutambarakede. Madhanzi mumugwagwa, kushaiwa hunhu, nezvimwe zvese zvichingoenderera, uye zvinhu zvese zvichifamba zvakanaka. Sezvakangoita America nhasi. Terevhizheni yakazara nyambo dzetsvina, madzimai asina kusimira zvakanaka, zvimwe zvinhu zvole. Zvinhu zvese zvaunoono zvangove tsvina nechivi. Haufanire kutarisa kune terevhizheni, chingoazarura meso ako, tarisa kwese-kwese. Vasikana, vakomana, varume, vakadzi: vachisvuta, vachinwa. VanaJezebheri vachizvidana pachavo kuti Makristu. Madhimoni ane tsvina achizvidana kuti Methodistu, Baptistu, Presbyteriani, Katorike, nemaPentekosti. Uh-huh. Uh-huh.

Ndosaka zvakanakupisa meso ake apo iye paakatarisa. Huh! Ndizvozvo chaizvo.

²⁴⁵ “Zvese zvinotaridzika zvakanaka. Ko ungangvichengetedza sei? Kana tiri kuzoitika... Sei? Sei? Tarirai apa. Zvakanaka, isu—isu tine imwe mirioni yakawedzerwa. Isu—Isu tine... Isu... Zvivakwa zvedu zviru, oo, machechi edu akakura kwazvo, tinofanira kuvaka machechi matsva. Zvakanaka, tine mari yakawanda, hatizive zvekuita nayo. Handiti, isu tinongovaka nzvimbo dzakanakisa dziri—dziri munyika. Machechi makurusa ayo ariko, ndisu varidzi vawo. Uye tichiri nemari yakawanda. Hamufunge here kuti Mwari vakatiropafadza?” Kwete. Muri kunze kweShoko raKe.

²⁴⁶ “Uye, Hama Branham, munoreva here kuti Mwari vachaparadza izvi?” Hongu, chimwe nechimwe chazvo.

“Ko munoziva sei?” Amosi, ko wakaziva sei?

²⁴⁷ Zvakangofanana nachiremba vari kuongorora dambudziko. Kana achinge awana chirwere icho chinenge chiri pamurwere, iye anoziva zvekuita. Iye anoziva kuti murwere anei. Anoziva kuti zvafambira mberi zvakanaka. Uye anoziva kuti chii chiri kuzoitika. Ndiyo nzira imwe chete nemuporofita, muporofita wechokwadi, kana achinge aona. Handina basa kuti uri kuitei. Kana achinge aona chivi chichiuya mberi, ikenza inodya. Uye iri padanho riri repamberi, mumaPentekosti nevamwe vavo vose, haikwanise kudzoka. Iri padanho repamberi. Ivo vari kuzoparara.

²⁴⁸ Ndiwo maongororerwo akaitwa dambudziko racho naAmosi. Akaiongorora neShoko raMwari. Ndiyo nzira iyo muporo... muporofita wechokwadi anoongorora dambudziko,

uye oti kune iwo madzimai, “Regai zvachose kuedza kuenda paKutongwa nevhudzi rakagerwa, apo imi muchiziva zviri nani.” Ndinoti kwamuri imi varume, nemi vamwe vose, uye nemi vaparidzi muri kuramba Shoko, uye muchiva nechimiro chehumwari, uye muchijoinha masangano, kuti munzvenge nyaya yacho, apo imi muchiziva zviri nani. Munotarisa paShoko rimwe chete iro raitariswa nevaporoifita vechokwadi. Kuongororwa kwedambudziko kwakati, “Rufu! Kuparadzaniwa!” Zvakangofanana nachiremba, anoziva dambudziko. Iye anoziva mhando yezviratidzo yarinaro.

²⁴⁹ Tarisai kune nyika ino. Apo pamunoti, “Pentekosti yaparara.” Apo, pavasingatokubvumirei kuuya kuchechi, nekuti unoparidza kumadzimai pamusoro pevhudzi rakagerwa, uye Bhaibheri rinozvipomera. Vachitya kuti unozotaura chimwe chinhu pamusoro pe. . .

²⁵⁰ Pano rimwe zuva, apo pandakanga ndichigadzira dzimwe mbuserere, Roy Borders aive, kuMahombekombe eKumadokero, vakamuunzira pamwe chete, boka revashumiri, vangangoita, oo, ndinofungidzira kuti makumi mana kana makumi mashanu vavo, uko kwandakanga ndine musangano mukuru. Ivo vakati, “VaBorders, ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu.” Vakati, “Ichokwadi here kuti Hama Branham vanoshandisa Zita raIshe Jesu Kristu pakubhabhatidza?”

²⁵¹ VaBorders, murume kwaye akatsiga kwazvo, sekuziva kwamunoita Hama Borders kubva pano. Ivo vakati, “Madzichangamire,” vakati, “Hama Branham, kana vari kunze mumambuserere, kunze, uku,” vakati, “havaparidze. Vanongoenderera mberi vachinamatira varwere venyu. Ndizvo zviri pamusoro pezvavanoita.”

²⁵² Akati, “Handizvo zvandakubvunzai,” akadaro mukuru wekereke wedunhu. “Vanodaro here?” Zvino, vaive nematepi. Vanoziva. Akati, “Ko ivo vanobhabhatidza nemuZita raJesu Kristu here?”

²⁵³ Ivo vakati, “Hongu, muchechi mavo pachavo. Ndiyo nzvimbo chete yavanobhabhatidza, muchechi mavo pachavo.”

²⁵⁴ Iye akati, “Ndizvozvo. Ndizvo zvoga zvandinoda kuziva. Hativadi. Hatidi dzidziso iyoyo yakatsauka pakati pevanhu vedu.”

²⁵⁵ Uye rimwe zuva, apo shamwari yangu yakanaka, Ed Daulton, akagamuchira tsamba kubva kuchechi yeBaptisti. Iye akati, “Tinokudzinga kubva mukuwadzana muBaptisti, nekuti iwe wakabatana nedzidziso yakatsauka yekubhabhatidzwa muZita raJesu.”

²⁵⁶ Ndinofarira kumira naPauro, “Mune izvo zvinonzi nenyika dzidziso yakatsauka, ndiyo nzira yandinonamata nayo Mwari, nekuti iShoko raKe.” Hongu, changamire. Hongu. Oo, chokwadi.

257 Chiremba anoongorora dambudziko. Anona kuti riri papi. Muporofita wechokwadi anoongorora dambudziko, neShoko. Anotei? Chiremba anoongorora dambudziko, kuburikidza nezviratidzo. Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Iye anotarisa zviratidzo uye anona kuti chii chakakanganisika nemurwere. Anona kuti chaenderera mberi zvakadii, uye oti, “Hapana chinokwanisa kuitwa.”

258 Uye muporofita wechokwadi anatora Shoko raMwari oongorora matambudziko, obva akanda Mushonga mariri. Uye vanhu vanoUkanda zvekare kumeso kwake. Chii chichaitika? Kuparara, ndizvozvo zvoga; vanoda mafaro, boka revakazara zvenyika revanonzi vehunyengeri! Asi ndiyo nzira yemuporofita wechokwadi. Maona? Oo, ini zvangu!

259 Iye anona zvirwere. Iye akaona kuti vakabva paShoko. Akaona Shoko. Uye aiziva mhedzisiro dzakanga dzichiuya. Akaona mutambarakede wavairarama mauri, akaona nzira iyo madzimai aya aizvibata nayo. Akaona nzira iyo maprisita vaiita nayo, kuti vakabva sei pakunamata Mwari kwechokwadi, nezvimwe zvinhu zvakadaro. Ipapo, iye aive ane—iye aive ane mhinduro. Akati, “Mwari iyeye wamunoti muchashumira achakuparadzai.”

“Sei?”

260 “Hamuna kuchengeta Mirairo yaNgu.” Uye zvakadaro vakafunga kuti aive adaro. Handina here kungozviverenga pano? ndima 2, yechi 4...chitsauko 2, ndima 4, “Nekuti Ndakakusarudza kuti uve...Pamhuri dzose dzepanyika, Ini ndakakusarudzai, asi zvakadaro imi munoramba kufamba muMirairo yaNgu.” Munofunga...

261 Muporofita mudiki, iyeye ane mhanza akamira ipapo ane ndebvu dzachena; achipenya mumeso ake, achivaima nemoto; achitaura kuboka iroro revaprisitia nezvinhu, uye akati, “Mwari uyo imi vanyengeri wamuri kuita kunge muri kushumira, Mwari mumwe chete iyeye achakuparadzai.” Munofunga kuti aizowana mushandirapamwe here? Huh! Iye akati. . .Oo, ini zvangu! Iye, muedzei nhasi uye muone kana aizodaro. Kwete. Asi anodii? Ndiyo nzira yemuporofita wechokwadi. Aive neShoko. Aiziva kuti iRo raive chii.

SaMikaya wekare. . .

262 Mwana mudiki wandakumikidza, ndapfuura zvimwe zvacho, maminiti mashoma apfuura, nekuti ndiri kumhanyidzana nenguva.

263 Asi, Mikaya, paakamira pamberi paAhabhu, akatarisa kwavari. Aiziva Shoko. Mikaya akataura Shoko kwavari. Sei? Mikaya akayera chiratidzo chake, Dzidziso yake, neShoko raMwari. Uye iye akaona kuti Dzidziso yake neShoko zvakanga zvakafanana. Nekuti, Shoko rakataura kuti Iye aizotuka

Ahabhu, uye Iye aizoita kuti imbwa dzinanzve ropa rake. Ndizvo zvakataurwa neShoko.

264 Saka, Mikaya aiva nechiratidzo. Ndiko kuti, aive muporofita. “Munoonaka kuti Shoko rinouya kwandiri.” Uye akanamata, “O Ishe Mwari, chii chandinofanira kuita? Chii chandinofanira kutaura kuboka iri revaparidzi vakamira pano? Heano masangano ose. Rimwe nerimwe riri munyika raungana richipesana neni, Ishe. Hepano ndimire pamberi pamambo. Chii chandinofanira kutaura?”

265 Zvino akapinda muchiratidzo. Ndokuti, “Kwira hako kumusoro. Enda hako.” Akati, “Asi ini ndaona Israeri yakapararira semakwai asina mufudzi.” Hongu.

266 Mu—mukuru wekereke wedunhu akaendapo akanomurova pamuromo, uye akati, “Ko ndekupi uko Shoko raMwari, Mweya waMwari, waenda, apo paWabuda kubva mandiri?” Kubva maari?

267 Munoziva zvakataurwa naMwari here? Ivo vakatendera dhimoni kuti ridzike zasi, ropinda pakati pavo, nekuti vakange vabuda paShoko, chekutanga.

268 Bhaibheri rakati, “Kana vakanga vasingazotenda Shoko, iVo vaizovapa kurasika kwakasimba, kuti vatende nhema, uye vozotongwa nekuda kwayo.” Ndizvo chaizvo izvo zviri kuitwa nemasangano aya nevanhu vemunyika ino nhasi, vachitenda nhema, kuti vave vazotongwa nekuda kwayo. “Nekuti hakuna rimwe Zita rakapihwa pasi peDenga raunofanira kuponeswa kuburikidza naro.” Pindai mumutsara, masangano, nevamwe vakadaro. Hongu.

269 Zvino, ko vamwe ava vakadini...?..Chii chakatariswa pachiri nevamwe vaporofita ava? Vaiva vaporofita. Hongu, changamire. Vaive vaporofita. Asi dai vainge vakamira vakaongorora chiporofita chavo neShoko!

270 Dai maMethodisti vaizomira nhasi uye voongorora chiporofita chavo, havaizombosasa mumwe munhu. Vaizogamuchira Mweya Mutsvene. Vaizobhabhatidza munhu mumwe nemumwe nenzira yekunyudza, nemuZita raJesu Kristu. Dai Assemblies of God vaizomira nhasi uye votarisa chiporofita chavo, vaizouya vachidzoka kuShoko. Dai veOneness, nhasi, vaizomira uye voongorora chiporofita chavo, vaizouya vachidzoka kuShoko.

271 Asi, munoona, dai vaporofita ava vainge vakamira voongorora chiporofita chavo! Vakashandisa pfungwa. Ivo vakati, “Iyoyo ndeyedu. Saka tichakwira kuRamoti-Gireadhi uye tichaitora, nekuti ndeyedu. Joshua akaipa kwatiri.”

Asi Mikaya akati, “Izvozvo zvinoita sezvinonzwisisika.”

272 Asi ndizvo zvazviri. Iwe haungadi kushandisa pfungwa. Unoda kutenda izvo zvakataurwa naMwari. Rega kushandisa pfungwa pasina.

273 Ko dai Abrahamama ainge akashandisa pfungwa? Ko aizombosiya nyika yake sei? Ko iye aizova nemakore zana ekuberekwa sei, achiramba achipa kurumbidza kuna Mwari, uye ivo vachizova nemwana naSara, uye mudzimai aine makore makumi mapfumbamwe?

Rasira kure zvekushandisa pfungwa. Iwe ingotenda.

274 Iwe unotendera dhiyabhore kuti akutaurire, “Unoziva, Hama Branham havasi chinhu munyengeri.”

275 “Zvino, ndichamirira zvino, regai ndione kana vari. Regai tione kana vari kudzidzisa zvakana. Regai ndidzokere kuBhaibheri.” Rega, usaenda . . . Haakutendere kuti uite izvozvo. Kwete, kwete. Maona?

276 Asi iye achataura chimwe chinhu chakaipa pamusoro pangu, icho chaanokwanisa kuva nekodzero yekudaro, zvararo iwe wongoramba uchiwana izvozvo, womira zvino wotanga kushandisa pfungwa, “Hongu. Havaifanirwa kunge vakaita *izvi*. Havaifanirwa kunge vakaita *izvo*.” Wotanga kutarisa kwandiri, saka, unongwana zvakawanda.

277 Uye ungadai wainge wakatarisa kuna Ishe Jesu. Unokwanisa kuwana zvakawanda. Tarirai kwaAri, kwechinguvana. Ndiri kuzoisa mumwe nemumwe wenyu kuva mushumiri. Zvino tiri kuzokanganwa kuti Iye akambove panyika. Hepano pane Mukomana uyo akaratidzwa, nemunyika yose, kuti Iye mwa—Mwana akazvarwa muhupombwe. Amai vake vakava naYe ivo nababa vaKe vasati vatombororana. Zvakaratidzwa. (Zvino, havasi kuenda kuShoko, “Mhandara ichava nemimba.”) Vari kungoenda kune zvavanonzwa, munoono, “Mwana akaberekwa zviri kunze kwemutemo.” Havana kuMuudza here kuti Akaberekwa muchivi, uye oedza kuvadzidzisa? Ndiri . . . Maona?

278 Uye tarirai izvo zvaAkanga achiita. Iye akanga achibvarura zvechokwadi chechi yega-yega iyo yakanga iri munyika. Zvakanga zvakana here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Masanganano, nezvimwe zvese.

279 Iye aive Chii? “Aingova mumwewo Mukomana akurisa zvakananyanya ari kufamba achitenderera saizvozvo, Muchinda wechidiki, asina sangano. Nditaurire kuti Iwe unopinda chechi ipi. Baba vaKo ndiani? Iwe unotaura kuti Josefa haasi baba vaKo here?”

“Josefa haasi baba vaNgu,” Iye aizodaro.

“Saka, Baba vaKo ndiani?”

“Mwari ndivo Baba vaNgu.”

280 “Zvakana, Iwe mupengereki! Ndizvo chaizvo zvaUri. Iwe, zvaUri Munhu, asi uchiti Mwari ndivo Baba vaKo?”

281 Dai vange vakazviongorora neShoko! Hareruya. Hamuone here? Shoko raifanira kuitwa nyama. Havana kuongorora chiratidzo chavo neShoko. Ndizvozvo.

282 Ndiro dambudziko nhasi. Imi hamuogorore zviratidzo zvenyu ne...chiporofita chenyu—chenyu nedzidziso yenyu, neShoko raMwari. Mumwe munhu oedza kukutaurirai Chokwadi, zvadaro unobva watogura hukama navo, zvakangofanana nezvaizoitwa naAmosi, izvo zvakaitwa naAmosi. Munaita chinhu chimwe chete.

283 Zvino tarisai pano. Iye ari muchinhano ichochi. Zvino, ungadai wakaMupomera mhosva, zvichida, ndizvozvo chaizvo, dai wakanga usina kudzokera kuShoko. Vanoita zvimwe chete. VanoMupomera mhosva nhasi.

284 Ko dai imi madzimai, *pano nepano*, hongu, sei musingaongorore pfungwa yenyu neShoko yevhudzi renyu rakagerwa, uye moona kuti iRo rinoti kudii? Maona? Sei musingaite zvinhu izvozvo?

285 Ko sei musingaongorore rubhabhatidzo rwenyu, rwa “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” “tiriniti” iya yenhema, inodanwa kudaro, hapana zvazviri munyika asi mahofisi matatu aMwari mumwe chete, madunhurirwa? Hapana *zita* ra “Baba.” Hakuna chinhu chakadaro chakaita sezita, “Baba, Mwanakomana neMweya Mutsvene.”

286 Zita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, rinova, “Ishe Jesu Kristu.” Ongororai rubhabhatidzo rwenyu nenzira iyo munhu wese anobhabhatidzwa muBhaibheri. Kana maizoongorora pfungwa yenyu neShoko, imi—imi maizodzoka uye maizobhabhatidzwa nemuZita ra “Ishe Jesu Kristu.”

287 Ndizvo izvo Pauro akavataurira kuti vaite. Uye akati, “Kana chero munhu upi akadzidzisa chero chipi chakasiyana, regai iye—regai iye ave akatukwa, kunyangwe kana Ngirozi ikaburuka pasi.”

288 Munoziva, nguva zhinji, Ngirozi dzinouya pasi. Vakomana, Pentekosti inozvidya sei izvozvo yozvipedza!

289 Ko zvakadini apo Mutsvene Martin paakanga akamira ipapo, uye hepano pakamira munhu mukuru aipenya akamira pamberi pake?

290 Murume uyo aibhabhatidza muZita raJesu, uyo aitenda muMweya Mutsvene, uye achichengeta Shoko! Uye maRoma vachimukavira kunze, uye vachiita zvese kwaari, vachiedza kumupa zvitendwa zvavo nedzidziso dzakaitwa nevanhu. Murume iyeye akamira paShoko.

291 Rimwe zuva, musimba rake, madhimoni aiuya kwaari uye achiedza kutaura naye. Iye haana kumboteerera kwaari.

²⁹² Rimwe zuva, Satani akauya saizvozvo, saKristu, akapfekedzwa korona, akapfeka mapatapata egoridhe, akamira ipapo ndokuti, “Iwe hau. . .” Marimi emoto akamupoterredza. Akati, “Haundicherechedzi here, Martin? Ndini Ishe vako. Ndinamate.”

Martin akatarisa kwaari. “Pane chimwe chinhu chakatsveyama ipapo.”

²⁹³ Iye akati, “Martin, hausi kundicherechedza here?” Akati, “Ndini Ishe neMuponesi wako.” Akati, “Ndinamate.” Akataura izvozvo katatu.

²⁹⁴ Uye Martin akatarisa kwese-kwese. Akaona, kuti Kristu achapfekedzwa korona nevanhu vaKe, paKuuya. Haaizonge akapfeka mapatapata egoridhe. Iye akati, “Ibva pandiri, Satani.”

Vakomana, ko maPentekosti haaizodya izvozvo here? “Vakomana, Mutumwa anopenya zvikuru!”

²⁹⁵ Mudzimai uya akadzika zasi, kuChicago kwandiri kuenda, akati, “Hama Branham, vashumiri vari kumusoro uko vakati kana Mutumwa waShe akakuudzai kuti mubhabhatidze muZita raJesu, ivo vaizozvigamuchira. Asi iyoyo ipfungwa yenyu pachenyu here?”

²⁹⁶ Ini ndikati, “Kana Mutumwa waShe akataura chero chinhu chipi chinopesana neIzvozvo, anenge asiri Mutumwa waShe.” Maona?

²⁹⁷ Kana chero Mutumwa akataura chero chinhu chipi chinopesana neShoko *iri*, ngachive nhema. Uye kana mumwe munhu akakuudza, mutumwa anobva kuna Mwari, achiti anobva kuna Mwari, uye okuudza, “Zvakanaka kubhabhatidzwa, muzita ra ‘Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,’” ngaave murevi wenhema.

²⁹⁸ Kana mumwe murume akakuudza, “Zvakanaka kwaari, kuva nevhudzi rakagerwa, nezvinhu zvakadaro; kuti unofanira kupfeka ngowani muchechi, kuitira chifukidzo, ‘kuti chive chifukidzo,’” ngaave murevi wenhema.

²⁹⁹ Shoko raMwari, iChokwadi. Chero chimwe chezvinhu izvi chinopesana neShoko, ngachive nhema. Iro iShoko, iChokwadi. Iro richamira.

³⁰⁰ Ndicho chikonzero Mikaya aikwanisa kuziva kuti chiporofita chake chakabva kuna Mwari, nekuti chaive pamwe neShoko raMwari. Hongu, changamire. Chiratidzo chake chaive chakarerekera zvingori zvimwe chete seShoko raMwari.

³⁰¹ Oo, dai Amosi aive pano, aizogara neShoko. Ndizvozvo chaizvo. Asi, munoono, kuti dambudziko nderipi nhasi, nesu, zvakafanana nezvazviri navo. Ndiri kugadzirira kuvhara. Dambudziko rinesu rakafanana nezvaive ivo. Vakanga vadzidziswa, kunze kweNheyo. Jesu akati, “Maita kuti

Shoko raMwari rishaiwe simba nedzidziso dzenyu.” Uye nerubhabhatidzo rwuya rwenhema! Chiratidzo chekunyepa ichocho chekugamuchira Mweya Mutsvene! Vamwe vavo vaiti, “Kwazisa ruoko.” Vamwe vavo vaiti, “Taura nendimi.” Ndakanzwa madhimoni achitaura nendimi, nekumhoresana maoko, zvekare. Hongu, changamire. Hapana chiratidzo chaWo. Zvino, zvinhu zvese izvi saizvozvo, zvinhu zvese izvozvo, munoona, munobva paShoko raMwari kuti mudzidzise tsika idzodzozvo. Ndizvozvo chaizvo.

Zvino, aizodaro, aizofanira kukudzoserai kuShoko.

³⁰² Asi isu tine, vadzidzisi vedu nhasi, vakadzidzisa vanhu, vachivabvisa kubva paNheyo yeShoko raMwari. Zvino nyatsoteererai.

³⁰³ Ndizvo zvavaive vaita ikoko. Ndizvo zvavakange vachitaurirwa naAmosi. “Mwari wamunoti munomuziva, Iye ndiye Wacho ari kuzokuparadzai.”

³⁰⁴ Zvino, takavadzidzisa, kubva pane (chii?) Nheyo ye “Kutenda uko kwakambopihwa kumadzibaba epentekosti,” hongu, Bhaibheri. Ndokudzidzisa purigatorio yenhema! Ndokudzidzisa rubhapatidzo rwenhema! Zvinhu zvese, zvenhema, zvenhema, kupatsanura kubva pane zvePamavambo.

³⁰⁵ Hamuzvitendi here? Dzokai kuBhaibheri, uye mutore “purigatorio” yenyu, uye mutore “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene” yenyu, uye “nokusasa,” nezvinhu zvose izvozvo, uye modzoka moona kana zviru muMagwaro. Ndiyo nzira. Tsvaga uone kana iri paNheyo. Maona? Ivo vakabva paNheyo.

³⁰⁶ Iyo, Pauro akataura kuti. . . Bhaibheri—Bhaibheri rinotaura kuti iyo—iyo . . . kuti, “Chechi yaMwari yakavakirwa paDzidziso yevaapostora nevaporofofita.” Vaporofita nevaapostora vanofanira kuva vakafanana. Chokwadi.

³⁰⁷ Chii? Takaenda tichibva paNheyo iyoyo yeShoko, kuenda kunheyo dzemasangano.

³⁰⁸ Teererai zvino. Ndave kuvhara. Pfekai zvinobatsira kunzwa kwenyu kwepamweya. Teererai.

³⁰⁹ Takabva paNheyo yeShoko, uye tava panheyo yesangano. Ndaikwanisa kugara pane izvozvo nguva yakareba zvakadini? Mamwe maawa matatu. Kubva paNheyo yeShoko, kuenda panheyo yemafaro enyika, zvenyika, kushaiwa hunhu zvoverevedza zvichipinda muchechi. Kubva paShoko, kuenda kuzvitendwa. Izvozvo zvaizonditorera mavhiki matatu kuti ndiparidze izvozvo ndisvike, neche pakati, izvo zvitaurwa zvina ipapo chaipo. Kubva paShoko, kuenda pasangano, shoko resangano. Panongoti che—chechi yaita sangano, ipapo chaipo inenge yatobva paShoko.

³¹⁰ Hapasisina kunze kwechinhu chimwe chete. Kudzoka kumashure chaiko uko kwayakatsaukira, uye yoenda zvekare. Yodzoka paShoko. Ndizvozvo chaizvo. *Kutendeuka* zvinoreva ku “enda, kutendeukira kumashure, kutarisa kumashure.” Uri kuenda nenzira isiri iyo. Zvakanaka.

³¹¹ Sangano remafaro. Sangano rekuna- . . . Imwe—imwe nheyo, ndinoreva, ye—yemafaro, nheyo yezvenyika, nheyo yezvitendwa. Uye nezvese izvozvo, pamwe chete, zvakaburitsa huwori hwekushaiwa hunhu, huwori hwepamweya.

³¹² Iye sezvo aiva muporofita wechokwadi, aizoona matiri chaizvo izvo zvaakangoona mavari. Dai ainge akamira papuratifomu ino nhasi, zvino ini ndaizoti, “Hama Amosi, muporofita mukuru waMwari, imi musingatye, huyai pano mutore nzvimbo yangu,” iye aizoparidza Shoko rino. Aifanira kudaro. Iye muporofita. Zvakanaka. Iye aizoRiparidza chaizvo nenzira yaRakangonyorwa nayo, chaizvo izvo zvatiri kungotaura zvino. Zvakanaka. Iye aizonge achiona kareko izvo zvaakaona matiri, kuwora kwehunhu.

³¹³ Ingotarisai, shamwari. Vangani pano, vari muchechi ino pano zvino, vanoona kuti nyika iri mukuwora pahunhu? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Hongu, tinoziva kuti ndizvo zvairi. Chii chakakanganisika? Yakabva paShoko. Ndizvozvo. Zvakanaka.

³¹⁴ Amosi haana kumbopa hurumende mhosva. Mamucherechedza here pano, pamunozviverenga kana maenda kumba? Iye haana kumbopa hurumende mhosva, akapa chechi mhosva nekuda kwekusarudza hurumende yakadaro. Hum!

³¹⁵ Imi vanhu vezvematongerwo enyika, regai ndiite kuti izvozvo zvikuye mamuri kwekanguva, pano nekwese pasi rose, uko kwazvichaenda. Chechi yakasarudza chinhu chakadaro chakaita saJerobhoami. Handizive kana iwe, isu, tisina kuita chinhu chakada kufanana? Ngatitii ihurumende yakanaka; hurumende haikwanise kuvakira imba padombo apo vanhu vasarudza imba iri pajecha. Inokwanisa here? Musati, “Hurumende yedu! Hurumende yedu!” Ndimi, nyika. Ndevanhu vacho. Ko tingakwanisa sei . . .

³¹⁶ Mushumiri akati kwandiri, akati, “Hama Branham,” akati, “tarirai. Ndinoziva kuti imi makarurama mune Izvozvo. Asi,” akati, “dai ndaiparidza Izvozvo, sangano rangu raizondikavira kunze, vanhu vangu vondidzinga kubva muchechi.” Akati, “Handimbofa ndakaparidza imwe mharidzo.”

Ini ndikati, “Zviparidze, zvakadaro.” Hongu, changamire.

³¹⁷ IShoko raMwari. Iwe une mungava. Kana uri muporofita waMwari, chokwadi, iwe uchagara neShoko. Kana zvisina kudaro, iwe uchagara nesangano rako. Zvinoenderana nekuti unobvepi.

318 Tarisa. Kwete, changamire. Hatigone kuvakira, hurumende haigoni kuvakira imba paDombo rakasimba kana vanhu vari kuvhotera imba yemafaro pajecha rinonyudza.

319 Tarirai izvo zvatinoda. Ngatingotorei miniti imwe zvino. Ndinovimba handisi kukunetsai. [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Asi ngationei izvo zvatinoda, kwechinguvana. Handikwanise kupa chitaurwa ichi, chinyorwa ichi. Tarirai izvo zvatinoda.

320 Tarisai terevhizheni yedu. Ndizvo zvatinoda. Tinoda kuti vamwe ava vevanotaura zvinosetsa vamire ipapo votaura mhando dzese dzenyambo dzine zvinyadzi, uye tinogara kumba tisingaendi kumusangano wemunamato musu weChitatu manheru, kana kuti muparidzi anokuitai kuti mubude nekukurumidza kuitira kuti mukwanise kuenda kunozviona; imwe pfambi, yekare, ine tsvina, yakaroorwa kashanu kana katanhату, ichtaura nyambo dzine zvinyadzi, yakapfeka zvinokwezva ruchiva, uye ichingoenderera sezvinhu zvose. Uye imi munoda izvozvo zviri nani kupfuura kuda kwamunoita imba yaMwari, zvinoratidza kuti imhandoi yemweya uri mamuri.

321 Tinobvumidza. Isu, vanhu, dai vanhu venyika ino vaizonyora tsamba kuhurumende yedu, toti paizove nemamiriyoni zana etsamba dzaibhururuka dzichipinda muhurumende iyoyo, “Misai zvirongwa izvo zvetsvina,” ivo vaizofanirwa kuzviita. Ndisu vanhu vacho. Asi isu, vanhu vacho, tinoda hutsvina, saka ndizvo zvatinowana.

322 Tarirai kuchirongwa chewairesi. Oo, ini zvangu! Vakashandura *Dombo ReMazera* kurwuita rwekumonyoroka. Uh-huh. *Muchinjikwa Wakare Wakakwasharara* kuiita yekutamba, rock-and-roll narwo. *Muchinjikwa Wakare Wakakwasharara*, hongu, chokwadi, pamawairesi edu, terevhizheni. Zvose zvi...Vakatora pano, kwete nguva refu yapfuura, izvo zvanotenderedza muchiuno, ivo vasikana vadiki. Zvinhu zvose zvinongova zvisina hunhu sezvavanogona kuwana, ndizvo zvatinoda.

323 Ko chii chinovitsigira nemari? Doro, hwiski, midzanga, mari yenyika. Ko ivo vanoitei? Vanotora mari yavo yemitero, iyo inofanira kuenda kuhurumende kuitira mitero, uye vobhadharira zvirongwa zvepaterevhizheni zvakasviba zvananoisa.

324 MaPentekosti vaimbenge vasingaende kunitambo iyo yemabhaisikopu yetsvina, apo pavaiva nemitambo yakadaro. Dhiyabhore akaisa imwe pamuri, akaisa terevhizheni mumba mako.

325 Nzira yemuporofita wechokwadi yakaoma kwazvo, asi ngatigarei neChokwadi. Hongu, changamire.

³²⁶ Tarisai zvikwangwani zvedu zvekushambadzira zvinhu. Vakadzi vakamira, vaine midzanga muruoko rwavo, Jezebheri wese mudiki ari munyika. Ndakaenda kune . . .

³²⁷ Rimwe zuva, ndakaona chinhu chinoshamisa. Paive nemudzimai mumwe chete uyo akauya kuchikoro kunze uko, kuzatora vana, apo pandakaenda ikoko kunovatora, uyo akanga asina kupfeka chikabudura; uye, iko, mamiriro ekunze aitonhora sekunge uchagwamba. Mumwe nemumwe wavo aine mudzanga. Pavanongosvika ipapo uye vomira, vainge vasina mudzanga, vanobva vaubatidza nekukurumidza, uye, “Whew! Muri kuona mafambiro andiri kuita?” Akaburitsa ruoko irworo kunze kwegonhi, seizvi, aine mudzanga uri muruoko rwake. Uye ukataura chimwe chinhu nezvazvo, oo, ivo vanopopota. Chokwadi.

³²⁸ Ukataura chimwe chinhu kune umwe ricky kana elvis, kana mumwe wavo kunze uko, vaizokupfura. Uye hurumende yaizovatsigira, nekuti ivo vanongova vechidiki. “Oo, izvozvovo zvakanaka. Ivo, havana kunzwisisa. Vana vechidiki. Zvifuratirei.”

Zvino munoona zvinorehwa nemuporofita wechokwadi, nzira yake here?

³²⁹ Tarirai vanorota zvinhu zvetsvina ava vari mumachechi, nesangano ravo, vanokupfura kumusana chaiko. Chinhu choga chinovatadzisa kuzviita, itsitsi dzaMwari, kusvikira Mharidzo yaburitswa. Dhiyabhore aizokuuraya, dai aigona kuzviita. Ndizvozvovo. Asi Mharidzo inofanira kuenda kunze. “Ini Jehovha ndichadzoredza.” Ndizvozvovo chaizvo. “Ndinokwanisa kubva mumatombo aya kuimutsa.” Ndizvozvovo chaizvo. Zvakanaka.

³³⁰ Mabhaisikopo edu, zvikwangwani zvedu zvekushambadzira, vatadzi vedu vanofarira mafaro vachizvidana kuti Makristu. Vanhu vanozvidana kuti Makristu; vanoda mafaro, vanotsvaga ruchiva. Vakadzi, vakapfeka zvisina hunhu; varume vachitarisa, vachivaridzira muridzo, vachizvidana kuti Makristu, vachibuda kunze. Handiti, ivo vakatowana—ivo vakatowana . . .

³³¹ Chinhu chikuru kwazvo muFlorida, California, kuti vane makirabhu makuru zvino. Varume vese vanoungana uye vokanda makiyi avo mukati, uye vakadzi vanobva vapinda uye vatora imwe yemakiyi kubva imomo. Uye ani zvake anova muridzi wayo, anotora “mudzimai” wake oenda kumba. Vanogara kwevhiki, zvadaro vodzoka, vokanda kiyi, makiyi mukati zvekare. Maona? Iwo makirabhu. Vana vakazvarwa muhupombwe nezvimwewo zvinhu zvese, hochi inodya hochi, imbwa inodya imbwa. Ko chii chiri kunetsa? Imhaka yekuti vakasiya Shoko.

³³² Havazive kuti hunhu hunorevei. Kunze kuno vakapfeka twumadhirezi twudiki, twunobata, nezvinhu zvakadaro, uye varume vachivachiva, uye vofunga kuti ivo vane hunhu. Unogona

kunge usina kuita chakaipa, hanzvadzi, asi rega ndikutaurire chimwe chinhu, uri mudziyo wekushandisa wadhuyabhore. Uye paDare reKutongwa, ZVANZI NAJEHOVHA, uchapindurira kuita hupombwe, uye mweya wako uchabva warasika. Unoziva zviri nani. Wava kuzviziva zvino, zvakadaro. Ndizvozvo.

³³³ Hurongwa hwedu hwose hune huwori uye hwakawora. Vanhu vedu, ndizvo zvavanoda. Semurume akanaka wemba, zvakanaka, kana murume anga ari murume akanaka wemba, achipomera hurumende yako... Ndozvinotumira vakomana vedu kunze kuno nekugadzira marara anozoparadzwa kubva kwavari, ndizvozvo, nekuda kwehuwori hwedu pachedu. Kana isu tichida Ishe uye tichishumira Ishe, uye takavhotera mhando chaiyo yehurumende nezvimwe zvese, ingadai iri nzvimbo yakanaka kwazvo. Ndizvozvo chaizvo. Tingadai tisina hondo. Kwete. Mwari ndivo hutiziwo hwedu nesimba redu. Ndokutumira vakomana vedu kunze uye tovaurya, uye nokuvaita kanyama-kanyama, nezvimwewo zvese, nemhaka yekuti maitiro edu akazvisvitsa pakuitika. Mwari vakataura kudaro, muBhaibheri, uye Ivo havashanduke. Vanongoramba vari mumwe chete. Ndeizvo zvinodiwa nevanhu venyu pachenyu.

³³⁴ Zvakaita murume akanaka wemba, ko kana ari murume akanaka? Anoda kuita zvakanaka. Anoda kuraramira Mwari. Uye iye ane mhuri inoda mafaro, nekuda zvekushaiwa hunhu. Chii chichaitwa nemurume iyeye, apo mudzimai wake achida kupfeka zvikabudura, uye achipfeka mbatya dzinotaridzika zvinokwezva ruchiva, uye obuda kunze achizvibata saJezebheri, vanasikana vake nevana vake vese, nevamwe vavo vese? Baba vake... Mwanakomana wake mudiki waakayarutsa, uye akamuda, achimubhabhadzira nekumutsvoda, uye kumuradzika pamubhedha, nekumunamatira, osimuka, oti, “Mudhara wangu anopenga. Zvose zvaanofunga pamusoro pazvo iBhaibheri.” Chii icho murume iyeye angaite nemhuri yake?

³³⁵ Ndicho chinhu chimwe chete muhurumende yedu, pamusoro pevanhu vayo pano. Regai kupa hurumende mhosva. Ipai mhosva kuboka iri remachechi akadzokera kumashure, nekuda kwekuisa zvinhu zvakadaro mune zvevatongerwo uyika zvavo, sezvavanazvo. Vanozvida. Ndicho chikonzero vachizvivhotera, uye ndicho chikonzero ivo vakazviwana. Uye ndicho chikonzero kutonga kwaMwari kuri pamusoro pavo. Uye vari kuzokohwa zvavakadyara. Vari kudyara zvino, uye vari kuzokohwa gare-gare. Tarisai. Oo! Tinopenga zvakananyanya. Oo, hongu.

³³⁶ Kuedza kutenga nzira yedu kune Russia. Kuedza kutenga nzira yedu nechikomunisti. Kuedza kudaro. Hongu, mari, haugone kutenga zvipo izvi zvaMwari. Paiva nemuchinda, Simoni, akaedza kuzviita rimwe zuva, uye Petro akati, “Uchaparara nemari yako.” Tiri kuita chikamu chaSimoni n’anga, kuyedza kutenga chipo chaMwari.

³³⁷ Dzokai kuShoko. Dzokai kuna Mwari. Dzokai kuna Kristu. Zvadaro regai kunetseka nekuda kwekominizimu. Tinozovhotera murume chaiye kuti apinde. Tichazova nemumwe murume akaita saAbraham Lincoln, George Washington, mumwe munhu aive murume chaiye. Regai kupa mhosva kuhurumende iyoyo kumusoro uko. Tizvipomere isu pachedu. Ndizvo zvaizotaurwa naAmosi. Uye ndizvo zvingataurwa nemuporofita upi zvake wechokwadi waMwari, kana achiziva Shoko raMwari. Kana ari muporofita wechokwadi, iye—iye anoziva Shoko, nekuti Rinouya kwaari.

³³⁸ Israeri, mukubatana kwavo ne—nemuvengi wavo wavakagadzira. Chekutanga, vaifanira kubva paShoko raMwari, vasati vaita mubatanidzwa nemuvengi wavo.

³³⁹ Uye tisati tamboita mubatanidzwa nevavengi vedu nezvinhu, tinofanira kubva paShoko raMwari. Uh-huh. Zvakafanana zvino, nekutendera Roma ichitora simba rekutonga. Handiti, tiri kuzviita, nguva dzose. Iyo yakatora hurumende. Iri kutora nzvimbo. Yakatora vanhu. Iye zvino yave kutora makereke.

³⁴⁰ Chii chatiri kuita? Kugara takanyarara, tichibvumirana navo. “Oo, hazvina mutsauko wazvinoita kunyangwe zvichiva nenzira *iyi* kana kuti nenzira *iyi*. Zvose ndiMwari, zvisinei hazvo.” Imi vanongonziwo vaporofita varombo, vakasuwa, vakadzokera kumashure. Chii chakakanganisika nemi? Ivo havazivi Shoko pamusoro paMwari nezvinhu izvi. Ivo havanzvere Shoko. Havacherechedze. Ivo vanoti kominizimu iri kuzatora pasi rese. Kwete, haisi.

³⁴¹ ChiRoma ndicho chiri kuzatora pasi rese, uye chiri kuzviita pasi pezita reChikristu. Bhaibheri harina here, Jesu akati, “Zvaizonge zviri padyo kwazvo, kusvikira zvaizonyengera Vasanangurwa chaivo, dai zvaikwanisika?”

³⁴² Zvatinoda nhasi...Regai ndivhare, mukutaura izvi. Zvino ndave kuzovhara. Zvatinoda nhasi mumwe muporofita wechokwadi. Amen. Tinoda murume wekuti Shoko raMwari riuye kwaari. Hongu, hama. Aizorambwa nekudzingirwa kunze, uye okandirwa kunze, asi zvechokwadi iye aizopotitsa buri. Iye, iye...Hongu, uh-huh. Chokwadi iye aizokanda Mbeu dzakadaro kusvikira Vasanangurwa vaizoDziwana. Uh-huh. Ndizvozvo chaizvo. Tinoda muporofita. Tinoda munhu uyo dudziro yakarurama yeShoko inouya kwaari, iyo Mwari vanotaura kubudikidza naye nekusimbisa Shoko, kuRiita rechokwadi. Ndizvo zvatinoda. Uye, hama, takavimbiswa mumwe, maringe naMaraki 4, “Kuzodzoreredza.” Chii? “Kutenda kwevanhu, kudzokera kuBhaibheri.” Takavimbiswa mumwe. Iye achazviita.

343 Amosi aiziva. Hongu, changamire. Amosi aiziva, Israeri, vayaidanana navo vasina humwari vaizovaparadza munguva shoma.

344 Uye vavanodanana navo vasina humwari vanhasi vachavaparadza munguva shoma, zvitendwa zvacho zvesangano nezvinhu izvo zvavakazvisungirira mazviri. Imi maPentekosti, ndicho chinhu chiri kuzokuparadzai, chitendwa chenyu nesangano. Muri kuzvisungirira pachenyu kusvika kumusoro uko chaiko, motora munembo wechikara, uye musingatombozviziva, muchiudhonzera kumeso kwenyu chaiko. Chokwadi. Ikoko kuramwa. Chii chauri kuedza kuita? “Uri wekune *izvi*, kana kuti hausi weko.” Maona? Iwe chingomirira, ingwana zvishoma, kungoti chinguva chakareba zvishoma. Zvadaro, iwe woti, “Saka ndichabuda kubva mazviri.” Kwete, haudaro. Unotova mazviri. Wakatoiswa munembo kare. Wakatobatwa uine munembo pauri.

345 Hazvina mhosva, Esau akachema zvakaomarara, apo iye aiziva zviri nani. Asi akachema zvakaomarara, achiedza kutsvaga nzvimbo yekutendeuka, uye haana kukwanisa kuiwana. Unozogara ipapo zvararo. Ino ndiyo nguva yekutiza.

346 Amosi aiziva kuti vavanodanana navo vasina humwari vaizoiparadza munguva pfupi, nekuti ivo, chechi, vakanga vaMusiyi, Mwari neShoko raVo, nzira yeHupenyu. Ivo vakabva panzira yaMwari yeHupenyu, vakagadzira yavo pachavo. Oo, Shoko rakanga riri chigumbuso kwavari.

347 Uye Ndicho chinhu chimwe chete nhasi. Shoko raMwari chigumbuso kune Mukristu wezita. Mutaure nezverubhabhatidzo rwemumvura nemuZita raJesu Kristu. Mutaure nezvaMwari mutsvene. Izvozvo zvinozoita . . .

Uye, zvakanaka, ivo vanoti, “Zvakanaka, isu tine Mweya Mutsvene.”

348 Saka sei uchiri nevhudzi rakagerwa? Sei uchiri kubhabhatidza muzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene”? Sei uchiri kutenda mune zvimwe zvinhu izvi izvo zvaunotenda, uchizvibata nenzira yaunoita? Zvinozviritidza. Zvibereko zvako zvinozviritidza. Jesu akati, “Nezvibereko zvavo, munovaziva.” Hongu. Maona? Izvozvo zvinongoratidza kuti, uri kutaura pamusoro pechimwe chinhu chausina zvaunoziva nezvacho. Hongu, changamire. Hongu.

349 Dai Amosi aive pano, aizodanidzira achipesana nehurongwa hwavo. Imi munozviziva izvozvo?

350 Zvino ndiri kuzoverenga ndima imwe chete ndisati ndavhara, ndima 8 yechitsauko 3. Uye ngativerengei.

*Shumba yaomba, ndiani angarega kutya? Ishe . . .
vataura, ndiani angarega kuprofita?*

351 Teerera. Mukuvhara zvino, ndinoda kutaura izvi. Ndine urombo nekukuchengetai, kupfuurira nguva nehafu yeawa. Asi, tarisai. Ndinoda kutaura izvi. Ini ndiri muvhimi. Ndinovhima. Ndinofara kuti Mwari vakandipa chimwe chinhu chakadaro.

352 Rimwe zuva apo pfuti payakaputika, ndakadzokera zasi, kuti ndione kana ndaikwanisa kupfura zvekare. Handidi kuti zvindityise. Dai ndakaita tsaona, kunze uko mumugwagwa, handaizorega kutyaira motokari. Kana ndikafamba nepasi uye ndogumburwa munwe wangu pakapeti, zvino ndobva ndabuda nepahwindo, handaizoregi kufamba. Maona? Kwete, kwete. Mwari vakandipa zvokuita zvachena. Uyo aive Satani. Akanga asiri Mwari. Maona? Aive Satani.

353 Zvino, ndinoziva mashandiro epanweya kwazviri. Pane vatatu vedu mukamuri ino zvino, vanoziva kuti chii. Uye zvingasimudza vhudzi mumusoro wako, asi ini hapana wandaizoudza. Maona? Vanongova vanhu vatatu ava chete, kuitira kusimbisa. Zvino, zvese zvakanaka. Ndizvo zvese... Mwari vaiziva zvese nezvazvo, uye vakazviyambira, uye nezvimwe zvese. Uye tinozviziva. Mune chimwe chikamu yakanga iri mhosva yangu, uye ini ndaive nechimwe chinhu.

354 Ini—ini ndakatsigira mumwe murume imwe nguva, apo pandakanga ndisingafanire kunge ndakamutsigira. Ndaikwanisa kunge ndakangozunza chiropa chobuda kubva maari. Maona? Pachinzvimbo chekuzviita, ndakatozovibhadharira. Saka, zvararo, saka isu... Izvozo zvakanaka. Ndini, uye zvakaregererwa zvino. Zvino tichaenderera mberi. Maona? Hongu.

Amosi, ndima 8 iyi, “Kana shumba ikaomba ndiani angarega kutya?”

355 Ini ndakavhima mumasango emuAfrica. Ndakange ndiri munharaunda maiva neshumba. Iyo ndimambo wezvika. Ndakamborara mumasango munguva dzemanheru uye ndikanzwa kurira nemapere, kuseka kwacho pamwe nekuchema, uye—uye nemhu—uye nemhuka dzakasiya-siyana. Uye zvararo mamwe emapere aya aizaita, aingowambisa ropa rako apo paairira. Uye imomo nembada, nekuchema, nezvimwe zvinhu zvese, nezvipembenene, netsoko, nemakudo, uye nezviuru zvapakapeti zviuru, “zvichitsviririka, nokurira.” Famba kwese-kwese, unokwanisa kunzwa mhando dzese dzezvinhu zvichienderera mberi. Asi rega shumba idzove, zvipembenene zvinotonyararawo. Runyararo rwerufu. Izvo zvinoramba zvakanyanzwa. Chii? Mambo wazvo ataura. Amen.

356 “Kana shumba ikadzvova, ndiani angarega kutya? Kana Mwari achitaura, ndiani angarega kuporofita?” Kana Mwari vataura, muporofita anodanidzira. Munoziva zvandiri kureva? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Muporofita wechokwadi

anodanidzira. Shamwari, iVo vataura. Zvadaro, regai chisikwa chese chemuHumambo hwaKe chiteerere kune izvo zvaAtaura.

³⁵⁷ Kana shumba ikakwanisa kucherechedza kuti pane chakanganisika, painodzvova, zvinhu zvese zvemuhumambo hwayo zvinonyarara. Zvinoteerera. Kunyangwe zvipembenene zvidiki, asika, icho chiri muhumambo hweshumba iyoyo. Iko kurira kweruzha rwekuda ropa kwebere, iro rinonyarara. Nzou iya uko, iyo inokwanisa kusimudza shumba, uye yoivheyesa newayo, “Hwiii! Hwiii!” Uye regai shumba idzvove, iyo inonyarara yomira yakadaro. Regai nyati huru, iyo inogona kupfepfeda, zvinotaridzika sekunge yafuridza moto kubva mumhino dzayo. Kana shumba ikasvetukira pairi, hazvitomboikuvadzi. Regai chipembere, nekuzvidzivirira kwacho kunorema matani manomwe, chiibaye, uye nemhuno yacho yakakura. Regai shumba idzvove, icho chinomira munzira dzacho. Dambudziko nderipi? Mambo wacho ataura. Maona? Chinoda kunzwa izvo zvichataurwa.

³⁵⁸ Uye kana Mwari ataura, muporofita anodanidzira. Uye zvadaro regai Humambo hwaKe hwuteerere kune zvaari kutaura. Mwari vataura. Regai zvisikwa zvese zve muHumambo hwaKe zviteerere kune izvo zvaAri kutaura.

Ngatinamatei.

³⁵⁹ O Shumba yerudzi rwaJudha, simuka udzvove! Uri kudzvova muzuva rino rekupedzisira. Meso ako akatsinzinyira zvishoma. Uri kutarisa pasi. Uri kuona chivi nyenika ino inongonziwo yeChikristu pamwe nepasi rose. Uri kuona chivi chenyerika ino, apo yakatengwa neRopa rakakosha. Uri kuona kuti masangano ari kuenda sei nepamusoro peShoko raKo. Onai kuti vaporofita venhema vari kunyepa sei. Chokwadi chaMwari vari kuramba.

³⁶⁰ Dzvova, O Shumba yaJudha! Rega vaporofita vaKo vadanidzire. “Kana Mwari achitaura, ndiani angarega kuporofita?” IShoko raMwari riri kubuda muBhaibheri, richikwira nemumuporofita. Ko iye anganyarare sei? Dai aizodaro, aizoputika kuita zvidimbu. O Mwari, itai kuti muporofita weNyu adzvove, Ishe. Dzovvai Mharidzo yeNyu, Mwari, uye regai chisikwa chose chemuHumambo hweNyu chiteerere.

³⁶¹ Dai vakamira. Dai madzimai vamira uye vazviongorore pachavo. Dai varume vamira vazviongorore pachavo. Dai muparidzi wese anoteerera kutepi ino, amira uye azviongorore, nekuti Shumba yerudzi rwaJudha yodzvova. Uye Shoko rechokwadi richiuya kuvaporofita, rotaura, rodanidzira, “Tendeukai mudzokere nguva isati yapera.”

³⁶² Mwari, ndinoisa Mharidzo iyi, iri patepi neiri muungano ino inoonekwa, kwaMuri mangwanani ano, nekuda kwekuvimba kuti iMi muchaItsigira. Uye modana mwanakomana nemwanasikana wese waMwari, uyo ari pasi. . . uyo achanzwa

tepi iyi, kana ari pasi peruzha rweizwi, vozodzoka pakutendeuka nguva isati yaperera.

³⁶³ Uye ndinotenda, Ishe, dai Maizotuma Amosi pano, iye aizodanidzira chinhu chimwe chete. Nekuti iye haaikwanisa kudanidzira. . . Asi kana ari muporofita waShe, iye ndiye mutumi weShoko. Iye akatumwa neShoko, aine Shoko, uye iye ndiye Shoko. Zvino, Ishe, regai zviitwe, nemuZita raJesu Kristu. Ameni.



NZIRA YEMUPOROFITA WECHOKWADI WAMWARI SHO62-0513M
(The Way Of A True Prophet Of God)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu neSvondo mangwanani, Chivabvu 13, 1962, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org